


CHECHI NE CHINHANO CHAYO

 Chirwere chisingawanzowanikwi chemwana anoda kurangarirwa mangwanani ano mumunamato, saka chokwadi tinoda kuti tese tiite izvozvo. Vanachiremba havatombozivi. Vakachipa rimwewo zita, asi ndinofunga vakangogadzira rimwe rekuchipa, va—vakanga vasingazivi kuti chaiva chii. Uye, asi Kristu anoziva kuti chii. Ndinogona kukuudzai kuti chii, idhimoni, ndizvozvo, dhiyahhore. Chero zita ravanoda kumupa, handiti, zviri kwavari. Asi ndizvo zvaari, munoona, mweya wakaipa. Zvino regai, tose pamwe chete, kamwe chete tose zvino, *Tenda Chete*, munhu wose ngaaimbe, zvino.

Tenda chete, tenda chete,
Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete;
Tenda chete, tenda chete,
Zvinhu zvese zvinogoneka, chete . . .

² Ishe vachakupodzai, hanzvadzi. Ngatinamatirei musikana zvino tichikotamisa misoro yedu.

³ Baba vedu veKudenga, zvinoita sekuti handisi kugona kuzvibvisa mupfungwa dzangu. Musikana mudiki apo, ari kufa, mudiwa wemumwe munhu. Chisikwa cheNyu, uye Satani ari kumurozva hupenyu hwake wehudiki. Ndinonamata kuti muZita raKristu kuti Mudzivise ruoko rwerufu, dzingai muvengi iyeye abve. Imi, Ishe, Munokwanisa kuita kuti Gungwa Dzvuku rimire semudhuri kumativi ose, zvino mopa vana veIsraeri, nhaka yeNyu, rwendo rwakachengetedzeka kuyambukira mhiri kwegungwa uye nokupinda munyika yechipikirwa. Mwari, tinonamata nhasi kuti Mubvise zvipingaidzo zvose uye murege mwana ararama. Zvakapihwa kwatiri kuti tikumbire. Uye, seboka revanhu vanotenda maMuri, tinokumbira muZita raJesu kuti mwana apodzwe. Amen.

⁴ Nhasi nemoyo unopa kutenda kuti ndi—ndinouya kwamuri zvakare muZita raIshe Jesu. Ndakurumidza kuuya kumba ndichibva kuLouisiana. Ndafunga kuti zvimwe ndikasvika pano Svondo isati yasvika ndaigona kuva neSunday school. Uyezve mamiriro ekunze aipisa zvakaipisisa ikoko, zvekuti isu . . . aya angave ari nani, kuchitonhorera mangwanani ano kunze kweLouisiana. Haungambogara muchivakwa chakaita sechino usina chifefetedzo, muLouisiana, munenge muchiiswa mhengo inotonhorera kana kuti waizofenda.

⁵ Uye saka ndauya kuti ndizorore kwezvava 1 kana 2 ndisati ndaenda iko zvino, kuNorthern Saskatchewan, vhiki rinouya, uye ndeuko kumusoro kuPrince Albert. Ndiko uko kure kunogumira migwagwa munyika, kubva kune rimwe divi.

Inoyambuka nzira yose kuenda kune rimwe divi renyika kusisina migwagwa, uye kusina chinhu kunze kwemaIndia nemaEskimo vari mukati kumberi uko kwatiri kuenda nguva ino. Saka tine vanhu vakawanda vachange vari pamusangano uyu kubva kumativi ese eCanada. Vamwe vavo vachabva kuWest Coast chaiko, vanotaura kudaro, vachiuuyako. Uye zvirokwasvo ndinoshuvira minamoto yenyu vanhu, kuti Mwari vasangane nesu uye vatipe musangano unopfuurira, zvakawanda, mukuru kuitira kubwinya kwaVo. Pava nemakore 4 kana 5 kubva zvandakava muCanada. Uye ndine dzimwe shamwari dzakaisvonaka chaidzo ikoko, vanova vanhu vakanaka kwazvo.

⁶ Uye saka vakavimbika kwazvo pakuenda kuchechi. Hazvinei kuti kuri kutonhora sei, vanomonera gumbeze vogara pachirei, uye votinha bhiza kwemamaira 30, kuti vaende kuchechi. Vanofamba nemumirwi yemazaya echando nezvimwe zvese, vadiki nevakuru. Vese vanoungana pamwe chete. Uye imwe mhuri inotora imwe votanga kufamba, vobva vaenda. Ndiko—ndiko kuzvipira kwavanoita ndiko kunoita kuti vawane zvakawanda kubva mushumiro. Kana pasina kuzvipira, hapana zvakanyanya zvaunowana mushumiro. Unofanirwa kusvika chaipo paunoita chimwe chinhu chinorwadza zvakanyanya, wotofanira kusiya parutivi zvimwe zvinhu uye womisa basa, zvino woita *ichi* kana *icho*, kuti uende kuchechi uye woratidza Mwari kuti unoVada, uye wotozvipira kuenda, ndipo apo paunowana chimwe chinhu kubva mairi.

⁷ Zvakangofanana nevana vangu. Billy Paul, ndaifunga kuti ndaizo... Handina chandakawana pandaive ndiri mudiki. Amai vaiwanzowana zvichida chitsapo 1 chezvihwitsi uye vohigovera, muzvidimbu 2 kana 3 kune mumwe nemumwe. Zvichida paKisimusi taiwana kabhosvo kerata kadiki kana kapfuti kadiki, kana chimwe chinhu. Uye ndaiona vamwe vana vane zviyezi nemabhasikoro nezvinhu, hembe dzakanaka nemabhachi anodziya. Uye ini—ini, zvaingondiita kuti ndisanzwe zvakawanda, ndikati, “Kana ndikazombova nevana vanova vangu, ndichavaitira zvese zvandinogona.” Zvino, ndaive ndakagadzirira hangu kufa nenzara kuti nditsvagire vana vangu chimwe chinhu. Uye pandakararama... Billy paakanga achiri mukomana mudiki, ndakamutengera bhasikoro diki remavhiri 3, uye ndaimuwanira zvese. Uye Meda aiedza zvose, kushaiwa zvake zvekupfeka nezvinhu, kuti amuwanire chimwe chinhu. Asi munoziva zvatakazotanga kuona? Ndakamutengera kabhasikoro kemavhiri 3, nekauta nemuseve, nezvose. Ndaimuwana aine chi—chipunu kana chimuti, kunze kuseri kwemba, achichera pane imwe nzvimbo. Maona? Ndakati, “Vanotevera havazove saizvozvo.” Maona? Ingopa chero munhu upi zvese paruoko rwavo, havazvide. Ndechimwe chinhu chaunofanira kutozvipira pachiri!

⁸ Uye ndizvo zviri ruponeso. Kuzvipira kwakakwana.

Ndizvozvo, Hama Roy. Ndiko—ndiko kuzvipira kwaunofanira kuita mazuva ose, chimwe chinhu kuti—kuti uswedere pedyo naMwari uye nokuita chimwe chinhu. Zvino ndinoziva kuti kuzvipira kwamuri mose mangwanani ano, kugara muchivakwa chino chinopisa. Tigere pano, ngatiisei pfungwa dzedu paChibairo chikurusa chati chakambopihwa kurudzi rwomunhu kuita, akanga ari Jesu Kristu paAkarayirwa kuti auye panyika kuzofa pachinzvimbo chedu. Kwete izvozvo zvoga, asi mweya waKe wakaburukira kugehena uye ukavako kwemazuva 3 nehusiku, uye nezuva rechi 3 Akamuka, uye zvino akakwira kumusoro, agere kuruoko rwerudyi rwaMwari, Kudenga, achireverera pakupupura kwedu kweyananiso yaKe nyenya dzaKe dzakapihwa kwatiri.

⁹ Zvino kumusoro mu... kumusoro uko kwatiri kuenda, kuchange kuine vanhu vakawanda, varombo chaivo, varombo chaivo, vachatotengesa imwe yemombe dzavo, makwai avo 2 kana 3, kana chimwe chinhu, kuti vauye kumusangano. MuEskimo wekare zvichida achauza mamwe ematehwe ake oatengesa, zvokuti achinyatsoda kuti mhuri yake, iuye. Mutengesi wechiIndia achafanirwa kuti aite zvimwe chetezvo. Zvino, tinogona kunamatira vanhu ivavo, hatigoni here? Uye tinonamata kuti Mwari vavape chinhu chikuru.

¹⁰ Zvino, kuri kupisa, handidi kukuchengetai kwenguva refu. Uye ndinoda kuti isu mangwanani ano tiise pfungwa dzedu, tisati tanamatira vanorwara, pane *Chechi NeChinhano Chayo*. Uye, zvino, ndinonzwa kuti mazuva mashoma apfuura kuti Mharidzo kuchechi yakapihwa kwandiri kuShreveport, Louisiana, uye ndi—ndinotenda kuti ndeye zvinhano zvechechi. Uye tichatarisana naMwari nayo mangwanani ano, uye tonamata nekukumbira Mwari kuti vatibatsire. Handivavarire kutora maonero mamwe chete, asi kukumbira Mwari kuti vatibatsire muzuva ranhasi ratiri kurarama. Uye tisati... Iri ndiro Bhaibheri guru rekare, asi imomo chaimo ndimo mune zvirimo zveHupenyu Husingaperi.

¹¹ Uye rangarirai, Shoko ndiMwari, Mwari havana kusiyana neShoko raVo. Uye isu hatina kusiyana neshoko redu, uye kana tikaita... Chokwadi, zvino, iwe neni mune mamwe mamiriro akasiyana... pfungwa, tose tinogona—tose tinogona kuti, “Oo, ndichaita chimwe chinhu,” tinoreva izvozvo mumwoyo medu, asi mamiriro ezvinhu anogona kumuka zvokuti tinotadza—zvokuti tinotadza kuita izvo zvatakati taizoita. Asi Mwari havakwanisi kuita izvozvo, nokuti haVana magumo uye Vanoziva zvose, uye nezvose zvakambovapo, zvichazovapo, kana... Saka, haVakwanise kutaura chirevo kunze kwekunge Vachiziva kuti Vanogona kuchitsigira.

¹² Zvino Abrahamana, paakanga ava namakore 100 okuberekwa, akadana zvinhu izvo zvakanga zvisipo, sokunge zvakanga zviripo. Zvino ndiri kutaura izvi sekurudziro kune avo

vachazonamatirwa, vanorwara. Abrahama akadana zvinhu zvaive zvisipo, sekunge zvakange zviripo, achitora sokuti Uyo akanga aita vimbiso aikwanisa kuita, kana kuti, kuchengeta izvo zvaAkanga avimbisa. Zvino, Mwari pavakaudza Abrahama, paakanga ava nemakore 6...75, uye Sara akanga ava namakore 65, kuti vakange vari kuzova nemwana, handiti, zvakanga zvisingagoneki zvachose. Zvino akazvitenda izvozvo ndokutsvaka mwana, akazvitora sokuti mwana wacho akanga atoripo, kwemakore 25 mwana asati ambouya. Zvino Abrahama akanga ava ne100 pakaberekwa mwana, uye Sara akanga ava ne 90, nokuti akaVatenda. Akadana zvinhu izvo zvisipo, sekunge zvaivepo.

¹³ Zvino, ndezve kune avo vari kurwara nevanotambudzwa vari kuzonamatirwa. Zvisinei nekuti matambudziko ako chii, kunyangwe uri...imhandoi yezvirwere zvauinazvo, wakashata sei, kana wagamuchira Kristu, Shoko raKe, unobva wadana zvinhu zviripo, sokunge zvisipo, kana zvichipesana neShoko raMwari. Zvino, Mwari vakati, “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara.” Zvinoka, kana Mwari vakazvitauro, ndizvozvo. Zvino ngatiisei pfungwa dzedu, tariro, uye toita sokunge zvakatoitwa. Zvakatopedzwa kare kana tazvigamuchira.

¹⁴ Ruponeso inzira imwe cheteyo. Tinozvitenda, tozvigamuchira, tozvitenda mumoyo yedu, tofamba pamberi paMwari uye togamuchira Kristu seMuponesi wedu, uye toMugamuchira. Kana uri pano mangwanani ano, uye uri mutadzi, uye usina kuponeswa, uye uchida kupodzwa, uri kurwara, tanga watsvaka Ishe. Mugamuchire seMuponesi wako, zvino chirwere ichocho chinobva chazobva. Chero zvachingava, ingoisa pfungwa yako yese (kune zvese zvaunazvo) paMunhu wakakwana, Kristu Jesu, zvimwe zvose zvichave zvakana.

¹⁵ Saka zvino isa pfungwa dzako pane izvozvo, nokuti ndataura mashoko mashoma aya kune avo vanorwara nevanotambudzwa, kuitira kuti ndichataura mangwanani ano kucheche nechinhano chacho. Nokuti ndinonzwa kuti kunyangwe hazvo kupodza kwaMwari kuchishamisa, asi pandakanga ndiri kuShreveport, ndakangova neshumiro dzekunamatira vanorwara dzingangoita 3 apo ndakanga ndiri zasi ikoko, 3, kana kuti pamwe 4, kunyanya, kubva pamazuva 11. Zvinonyanya kukosha kuparidzira kumweya yevanhu pane kuisa nguva yakawanda kwazvo pakupodza kwaMwari. Kunyange zvazvo, vanhu vanorwara nevanoshayiwa, Mwari vanogona kuvapodza. Uye zvakatosimbiswa pasi rose, kuti Vanozviita. Asi chinhu chikuru, zvino, chiri kumweya usingazofi. Mutumbi uchafa. Asi mweya hauzombofi, uye tinofanira kuchengeta zvakarurama uye zvakatwasuka naMwari.

¹⁶ Ndagara ndichitaura izvi. Ndinoda kuti zvose zviitwe, nokuti kana ndadzika kurwizi mangwanani aye, handidi chero

dambudziko ipapo. Ndinoda kuva netikiti rangu muruoko rwangu, ndakamirira zita rangu. Uye ndinoda kutaura, saPauro wekare, Hama Creech, “NdinoMuziva musimba rerumuko rwaKe.” Kuti paAchadana kubva pakati pevakafa, ndichabuda. . .Ndinoda kuMuziva musimba rerumuko rwaKe.

¹⁷ Saka, zvino, Iye Uyo anova Munyori weBhuku, ngatikotamisei misoro yedu nemwoyo kwaAri kwechinguvana.

¹⁸ Uye, Mwari, Baba vedu, tinouya kwaMuri zvino, kuzokumbira kuti Muzarure Shoko reNyu kwatiri. Tinogona kuvhura mapeji, asi Mweya Mutsvene chete ndiwo unogona kuzarura Shoko. Saka Rizarurei kwatiri mangwanani ano, Baba, uye tipei nyasha dzeNyu zhinji-zhinji. Tinomirira paMuri. Uye dai Mweya Mutsvene wapinda muShoko, uye waRipa kuburikidza nemiromo yemunhu kumwoyo yevanhu, uye dai WaRitora nekuRiisa mumwoyo mumwe nemumwe sezvatiri kutsvaga. Uye kana shumiro yapera, tagadzirira kudzokera kudzimba dzedu, tichakotamisa misoro yedu mukuzvininipisa uye toKupai kutenda nerumbidzo, nokuda kwezvose zvatakadzidza kwaMuri uye nezvaMakatiitira. MuZita raKristu tinozvikumbara. Amen.

¹⁹ Kuverengwa kweShoko, muna Mutsvene Johane, chitsauko 1, imi mune maBhaibheri uye muchida kuverenga pamwe neni kana kuzvinyora pasi kuitira panoverengwa. Zvino tichaverenga gwaro racho kubva muShoko, zvino tobva tanamata, uye kuti Mweya Mutsvene utore chirevo chacho kubva muShoko kuti utipe. Tinokwanisa kuRiverenga, isu vanokwanisa kuverenga tinogona kuRiverenga, asi Mwari voga ndivo vanogona kuburitsa zvazvinoreva. Gwaro rinogona kuverengwa, nokuti IShoko raVo, asi zva—zvazvinoreva zvinofanira kupihwa naMwari. Zvino, muna Mutsvene Johane, chitsauko 1, uye ngatitangirei pandima 28 toverenga tichidzika kusvika pa 32, tichisanganisira ose.

Zvinhu izvi zvakaitwa...?. . .mhiri kweJorodhani, uko kwaibhabhatidza Johane.

. . .zuva rintevera Johane akaona Jesu achiuya kwaari, zvino akati, Tarirai Gwayana raMwari, rinobvisa zviwi zvenyika.

Uye ndiye wandaireva ndichiti, Shure kwangu kunouya murume akavapo mberi kwangu: nokuti akange ariko mberi kwangu.

Uye ini ndakanga ndisingamuzivi: asi iye. . .asi kuti anofanira. . .kuratidzwa kuwaIsraeri, naizvozvo ndauya ndichibhabhatidza nemvura.

. . .Johane akapupura, achiti, ndakaona Mweya uchiburuka kudenga senjiva, uye ukagara pamusoro pake.

Ndinoda kuiverenga zvakare, ndima yokupedzisira iyoyo, ndima 32.

Uye *Johane akapupura*, achiti, *ndakaona Mweya uchiburuka kudenga senjiva*, uye ukagara *pamusoro pake*.

²⁰ Zvino dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo kuShoko. Ndinoda kuti muedze ku—kubata shoko rimwe nerimwe kana tichigona. Muri kundinzwwa zvakanaka here kumashure-shure? Zvakanaka, muri kundinzwwa here kumashure uko? Kana uchikwanisa, simudza ruoko rwako. Zvakanaka.

²¹ Zvino, ndinoda kutaura nemi mangwanani ano ne—nemufananidzo, neimwe nzira iyo kunyange munhu asinei nechekuita zva—zvakananyanya nechechi ari muno anozokwanisa kunzwisisa. Zvino, tinouya kuchechi kuzova vanhu vari nani. Tinouya kuzozviita vanhu vari nani, Makristu ari nani, vagari vari nani, vanababa vari nani, vanaamai vari nani, vavakidzani vari nani. Tinouya nokuti Kristu akatiudza kuti kana tikauya, kumbirai chero chinhu muZita raKe, apo patakaungana pamwe chete tiri 2 kana 3, Achava nesu uye ozvipa kwatiri. Saka, chii chingadarika, kuve nani kwatiri nhasi kupfuura kuziva kuti tiri kuchechi kuti tizviite vari nani, kuti tiwedzere kunzwisisa kwedu? Vangani vangati, “Ndizvo zvandauyira pano”? Ngationei. “Ndi—ndinoda kunzwisisa zviri nani.” Uye hatigone—hatigone kuva nekunzwisisa kuri nani kunze kwekunge zva. . . Uye kana tichizova nekunzwisisa kwaMwari, kunofanira kubva muShoko raMwari, nokuti Shoko ndiro ratakapihwa naMwari kuti tidyise mweya yedu ine nzara. Uye Mweya Mutsvene wakatumwa kuti utore Shoko raMwari uye kuti utidyise Shoko. Mazviona here? Munoono, isu. . . Mweya Mutsvene wakatumwa kubva kuna Mwari, kuti utore Shoko raMwari uye ugoRipa kwatiri sokushaiwa kwatinenge tinako. Zvino, ndinofara kwazvo kuti Mwari vakaita gadziriro yakadaro. Haudaro here? Kuti Vaizotipa zvokudya.

²² Tiri makwai emafuro aVo. Tichataura pamusoro pazvo muchinguva chidiki, makwai. Uye tiri hunhu hwaMwari hwakapetwa ka 3, uye kana Vagona kuva nehutongi hwakakwana patiri Vanokwanisa kutitungamirira nokutipanga nzira.

²³ Zvino, zvakafadza Mwari kwazvo, kuti paVakatumwa Jesu panyika, kuti zvakaVafadza kuMufananidza nemhuka, zvino mhuka iyoyo yaiva gwayana. Kare-kare kumavambo, mubindu reEdheni, mukufanoonekwa kwekuuya kwaJesu, Mwari vakapirisa, kana kuti vakava negwayana kuti rive chipiriso chinotsiva mukufanoonekwa kwekuuya kwaKristu. Zvino, ndaigaroshaya kuti sei Mwari vakafanoonesha Kristu semhuka, sechipuka. Asi takazoono kuti Gwayana, chikonzero chaVakasaruudzira gwayana, gwayana ndiro rakanyorovesa uye

rakapfava kupfuura zvisikwa zvese zviri panyika. Hapana chimwe chinhu chakanyorova uye chakapfava segwayana duku, risina mhosva, risingagoni kuzvichengeta. Iro—iro harina kusindimara. Chisikwa chidiki chakapfava, chakanyorova. Zvino Mwari pavaizopa mufananidzo waKristu kunyika, Vakapa mufananidzo waKe mugwayana.

²⁴ Zvino, asi Mwari, Mwari Baba, Jehovha, pavaizopa mufananidzo wavo iVo kubva Kudenga, Vakafananidzirwa mushiri yakanyorovesa, yakaninipa kudarika shiri dzose dzinobhururuka mudenga, inova iyo, njiva. Hakuna shiri yakapfava kupfuura njiva. Ndakaverenga zvikuru pamusoro pehupenyu hweshiri uye nezvemhuka dzesango, zvino njiva ishiri inoshamisa kwazvo pane dzimwe shiri dzose dzinobhururuka mumatenga. Njiva ine ru—ru—rudo. Njiva yakapfava. Uye njiva haina nduru, ndiyo yega mumhuri yeshiri isina nduru. Ndicho chikonzero usingamboona njiva chero kupi zvako kunze kwekuva panzvimbo pane tsanga nemhodzi. Zvino, iyo . . .

²⁵ Muareka, maiva nenjiva. Uye njiva ine humiriri munzvimbo dzakawanda muBhaibheri. Mufananidzo weMweya Mutsvene. Uye zvakare gwayana rine humiriri munzvimbo zhinji dzeBhaibheri, saKristu, muna Zvakazarurwa, nzira yose kudzokera kuna Genesi, uye ndizvo zviriwo njiva.

²⁶ Uye muBhuku raGenesi, njiva yakanga iri muareka, yakagara panogarira shiri pamwe chete ne—nedzimwe shiri dzose dzedenga; zvino imwe yadzo yakanga iri gora, gunguwo. Zvino gunguwo ndeimwe yeshiri dzakaipisisa kwazvo, gunguwo nejaybird, ndinodaira kudaro, pada ndidzo ishiri dzakaipisisa dzatingawana. Gunguwo ishiri inorarama kwenguva refu, uye rinorarama (anotonzi) pane, dzimwe nguva, kwemakore 200 kana 300, ayo gunguwo . . . Paroti inorarama nguva yakareba kupfuura ipapo.

²⁷ Asi njiva ndeimwe mhuka kana shiri imwe isina nduru. Zvino, gunguwo rinogona kugara pano rodya pachitunha chakafa. Haufe wakaona njiva iri pachitunha chakafa ichocho. Haitombozvidi. Kunhuwa kwacho mumhino dzayo, haitombokuda. Kwaizoirwarisa. Hadzitongokwanisi kuda chero chinhu chave kuipa, chiri kuora. Hadzitongozvidi, saka haina kukwanisa kuzvidya. Kana ikazvidya, zvaibva zvaurya njiva pakarepo, nekuti chinogaya chikafu kunenge kuri kuzarisa kwenduru ichipinda mudumbu kunogaya chikafu. Zvino kana pasina nduru inopindamo kugadzira izvi, zvino zvinouraya njiva. Saka unogara uchiwana njiva iri pane chimwe chinhu chakachena, chimwe chinhu chakakwana.

²⁸ Zvino, gunguwo rakasiyana. Zvino, cherechedzai gunguwo riri mufananidzo wemunyengeri. Gunguwo rinogona kugara ipapo pa—pamusoro pechitunha chakafa uye rigodya

zvakanaka sezvarinoda, uye robhururukira mumunda ronodyawo gorosi, zvakare. Asi njiva haigoni kudya gorosi yobva yabhururuka pamusoro pechitunha chakafa.

²⁹ Saka, munyengeri, munhu anogona kuva munyengeri uye odyo zvose zvinhu zvepamweya, nezvinhu zvakanaka nezvinhu zvakaipa. Asi Mukristu chaiye akazvarwa patsva haatendere zvinhu zvakashata, zvino anogona chete kudya kubva pachinhu chakanaka. Cherechedzai izvozvo! Paunoono muchinda anogona kuenda kudhanzi, obuda kunonwa, obuda onorarama muchivi, odzoka kuchechi uye zvichida odanidzira zvimwe chetezvo semutsvene, chii ichocho? Igora, anogona kudya zvose zvakaora uye nezvinhu zvakanaka. Asi Mukristu chaiye haakwanise kutendera zvinhu izvozvo zvachose, nokuti akabva murufu achienda kuHupenyu. Uye pakarepo zvaizomupomera kwazvo, kungozvifunga saizvozvo, kusvikira zvaizomupa mhosva kusvikira atendeudza chiso chake obva afamba achienda. Oo, mufananidzo wakadini!

³⁰ Zvino, gwayana chinhu chidiki chakapfava kwazvo. Hari, harikwanisi kuzvibatsira. Harizviriritire, nekuti harigone kuzvibatsira. Pano imwe nguva yapfuura ndaipfuura nemumafuro pandaisimbopatirora, zvino ndakawana gwayana duku, zvino mamwe ose akanga abva pariri neimwe nzira, zvino rakanga rakamoneredzwa newaya ine zvizvibayo. Zvino gwayana diki rinonzwisa urombo rakanga rakararapo, richibuda ropa uye richichema. Zvino ndakapfuura nepo ndikaona kumusoro-soro uko, chindhambwe chinenge hafu yemaira kumusoro, kwaiva neboka rose remakwai. Zvino, ringadai rakarara ipapo uye makunguwo angadai aizotopora mumaziso aro nenguva isipi dai tainge tisina kuribuditsa. Asi ndakasunungura gwayana diki iri, ndikarisimudza mumaoko angu. Harina kumboramba. Rakaramba rakanyatsonyarara. Ndakaritakura mumaoko angu. Kekutanga—nguva yekutanga, zvichida, munhu akamboisa maoko ake pariri, asi rakanga rakapfava. Rakanga richida kutungamirirwa. Rakanga richida kubatsirwa. Ndinovimba kuti muri kuviona. Rakanga richida risingaedzi kuramba kana kukava-kava, kana kuruma. Makwayana haakavi-kavi, haarume; anongozvininipisa. Zvino kagwayana kadiki aka, ndakakatakura ndokukagadzika pasi mune mamwe makwai. Mumaminitsi mashomanana amai vako vakakawana, kakafara kwazvo! Zvino, zvinofananidzira sei Gwayana raMwari!

³¹ Munoziva, kwavanoenda kunouraya makwai, munoziva kuti chinotungamirira makwai kunzvimbo yaanourairwa, imbudzi. Asi mbudzi inotungamirira gwai kusvika kumusoro chaiko nemugwara kuimba inourairwa makwai, uye, zvino panguva iyo yainoita kuti makwai anouya kumusoro nemugwara, inobva yasvetuka ichibuda. Asi, oo, vanoti, kana vari kuuraya mbudzi, inobva yatanga kukava-kava ichirwisa. Maona?

³² Zvino ndiyo nzira iyo dhiyahore anozviita nayo. Anoedza

kutungamirira vana vaMwari macho makaipisisa chaimo, asi kana yasvika nguva yokuti afe, anonyatsa kurwisa chaiko zvino. Ndiyo nzira iyo dhiyahbore anozviita nayo. Uye ndiyo nzira dzimwe nguva, mumwe musikana mudiki anotaridzika zvakanaka kana mumwe mukomana mudiki ane mano, ane pakiti refodya kana bhodhoro rehwiski, anozotungamirira musikana mudiki kuita zvisizvo, gwayana remuboka remumwe munhu, kuenda nenzira isiri iyo. “Oo, zvakanaka. Hapana chinhu pane nezvinhu zvese izvozvo zvakanaka-naka zvechechi.” Asi regai rufu rurove mukomana wakare iyeye imwe nguva, unomunzwa achizhambatata, achidanidzira nenyika yose. Zvino ndiyo nzira yazvinoitwa nadhiyahbore.

³³ Asi gwayana rakapfava kwazvo, zvokuti rinogona kutungamirirwa. Uye ndicho chikonzero Mwari vakapa humiriri hwaKristu seGwayana, uye hwavo pachaVo seNjiva. Zvino nezuva iroro Johane akabhabhatidza Jesu parwizi rweJorodhani, chimwe chezviitiko zvikurusa zvati zvamboitika, chakaitika ipapo. Cherechedzai zvanaka kwazvo! Gwayana, rakanyorova kupfuura zvisikwa zvese zvepanyika, neNjiva, yakanyorova kupfuura shiri dzose dzeDenga. Zvino, ndiyo nzira chete yazvaigona kubatana. Ndiyo nzira chete iyo Njiva yaizouya paGwayana. Zvino, Njiva payakaburuka, Johane akaona Jesu, uye akati, “Tarirai Gwayana raMwari, rinobvisa zvivi zvenyika.” Uye Johane akati, “Ndakapupura, ndichiona Mweya waMwari seNjiva uchiburuka, uye uchigara paAri.” Hareruya! Hezvoka izvo. Njiva neGwayana zvakabatana pamwe chete. Ndipo apo Mwari neMunhu vakava mumwe. Ndipo apo Denga nenyika zvakambudirana. Hareruya! Ndipo apo Mwari vakaitwa nyama, vakaiunza, ndipo apo Mwari vakaburuka kubva muchimiro cheMweya uye vakaitwa Munhu uye vakagara pakati pedu. Ndipo apo maZiyendanakuenda ese akambudirana. Ndipo apo rudzi rwevanhu rwakawa rwevanhu vaAdhama naJehovha Mwari uye nengirozi imwe neimwe vakauya pamwe chete, apo Mwari nemunhu vakaitwa mumwe, pazuya guru rerangaridzo iroro apo Johane akabhabhatidza Jesu.

Zvino, ko kana dai vanga vari mhumhi? Kurira kunotapira kweNjiva kungadai kusina kumbokwanisa kumira nemhumhi.

³⁴ Chii chakanakisa kudarika nguva yemanheru uchinzwa njiva dzakare dzakagara kunze uko dzichirira kwechinguva? Mushure mekunge ndafirwa nemudzimai wangu nemwana... Ndaisatendera ani zvake kuti azive zvandainge ndiri kuita. Ndaiwanzopinda mumotokari yangu yekare, ndaityaira ndichiyambuka mugwagwa apa, ndoenda kuno kumakuva eWalnut Ridge, ndogara hangu ipapo padivi pemuti ndotarisa pasi paguva. Ndaisatongokwanisa kurega kuvafunga. Zvaiita sekunge ndakanga ndisisachagone kuzvitakura zvachose. Ndinofunga, mwana wangu muduku, akarara ipapo, aine

mwedzi 8 yokuberekwa. Kuti aisitambanudza maoko ake madiki sei uye onanavira kwandiri, zvino ndairidza bhero kana kutura chimwe chinhu kwaari, iye obva ati “goo-goo,” obva atambanudza maoko ake madiki. Zvino ndaigara pasi padivi pemuti, kunyanya kana kwave kudoka. Zvino paimbova nenjiva yakare yaigara kunze uko mugwenzi, yaitanga kurira. Oo, ini zvangu! Ndakambozvibvunza kana waive usiri mweya usingafi wemwana wangu waidzoka uchiedza kutaura neni. Hakuna chinhu chinotapira sekurira kwenjiva. Kuti ine rudo kwazvo! Inounza mashoko. Inoedza kwazvo kuita rugare! Ndinomuka mangwanani-ngwanani, ndoenda mumatondo uko pedyo nekwandinogara, chinhu chine rugare zvakadini chekuteerera! Dzakagara kumusoro pamiti mikuru mirefu iya, njiva idzodzo dzichirira imwe kune imwe.

³⁵ Rimwe zuva, zasi kwaHama Cox, amai njiva vekare vaiva nevana vadiki 2. Zvino vaigara kumusoro chaiko kwechivakwa, kuitira kuti katsi dzisakwanise kuvawana. Zvino mai njiva vaivapa zvokudya. Zvino vaidzika vovatora vovaita kuti vakwire mumuti, zvino vaigara ipapo nemitsipa yavo yakazemberana, vorira nokuita zverudo, zuva rose, tuvana twenjiva 2, tudiki twakapfava.

³⁶ Zvino ndakafunga pamusoro paMwari, (njiva ishiri ine rudo kwazvo) uye Njiva, Mwari, vachida kuita zverudo nevanhu vaVo. Mwari vanoda kudiwa. Mwari vanoda kukuda iwe. “Mwari vakada nyika nokudaro, Vakapa Mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri haangaparari, asi ave neHupenyu hwusingaperi.” Ishe ngavarumbidzwe! Zvino Mwari, vachida kuita rudo, Vaifanira kune chimwe...kuita chimwe chinhu chinodiika. Vaifanira kuita chimwe chinhu chakapfava saVo. Vakatozogadzira chimwe chinhu chaigona kudiwa. Vakatozogadzira chimwe chinhu cheHunhu hwaVo pachaVo.

³⁷ Haungagona kuda chinhu chisiri chehunhu hwako pachako. Kuda kunofanira kubatana nerudo. Murume nomudzimai vanofanira kudanana, kana vachazombobudirira. Mhuri inofanirwa kudanana, kana ichazombobudirira. Chimwe chinhu chinodiwa! Unotsvaga kwese-kwese, uchitsvaga musikana kuti ave mudzimai wako waunoda. Anotsvaga, kuwana murume waangada.

³⁸ Mwari vanotsvaga, vachiedza kuwana mweya waVanogona kuda. Saka, Vakapa humiriri hwavo iVo pano panyika seNjiva yakapfava neGwayana rakapfava. Kana Gwayana iroro kwekanguva kadiki rikambotora hunhu hwemhumhi iri kuhon'a, Njiva iyoyi ingadai Yakatobhururuka ichitiza pakarepo, ingadai yakaenda.

³⁹ Asi gwa—gwa—gwayana, harina kana nepfungwa huru dzaro pacharo. Gwayana ndechimwe chinhu, chokuti kana

rarasika, ratorasika zvachose. Gwai harigoni kuwana nzira yaro yokudzoka. Ndicho chikonzero mbudzi ichiritungamirira kurufu rwayo. Harigoni kuwana nzira yaro, gwai rakarasika. Ndicho chikonzero Mwari vakatifananidza nemakwai. Kana tarasika, tarasika. Hapana nzira yatinogona kuzviwana pachedu. Uye pane nzira imwe chete yekuzviita, ndiko, kuzviisa pasi peMufudzi wemakwai, uye ndiYe anotungamirira.

⁴⁰ Zvino, pandinocherechedza Gwayana iri nemakwai pamwe chete. . . Gwayana neNjiva, waro, pamwe chete, zvakaita chinhu chimwe. Zvino tarisai kuti Njiva yakatungamirira sei Gwayana, Mwanakomana waMwari. Aive akapfava kwazvo, achiziva kuti Aive ari kuenda kunourayiwa. Aive akapfava kwazvo, kugara asingaedzi kuzviita pachaKe, asingaedzi kuve akazvikwanira. Akati, “Handiite chinhu kusvikira Baba vaNdiratidza kutanga, uye Baba vanogara maNdiri.”

⁴¹ Zvino, chimwe chinhu chiri gwayana, gwayana rinobvuma kusiya kodzero dzaro. Zvino, Mwari vanoda kuti tive makwayana, asi pane nguva dzakawanda kwazvo dzatisingadi kusiya kodzero dzedu, kurasikirwa nekodzero dzedu. Zvokuti vazhinji venyu vanoti, “Zvinoka, ndine kodzero, Hama Branham.” Ichokwadi, asi wakagadzirira kurasikirwa nekodzero dzako here? Wakagadzirira here kupa kodzero dzako, kuti Mwari vakutungamirire? Ndiro dambudziko nemakereke edu nhasi, pane vazhinji vacho, kuti kupfava kweGwayana raMwari. . . Tinofanira kuva makwayana, tava zvimwe zvose kusara kwekuva makwayana. Uye ndicho chikonzero, patinongoita maonero iwayo, Njiva yeMweya Mutsvene Inobhururuka zvino yobva yaenda.

⁴² Dai Gwayana raMwari rakangotanga kuhon’a semhumhi, kana kuti rakaita chimwe chinhu chinopesana neizvo Njiva yakapfava yaizotendera, Njiva ingadai Yakabhururuka. Ingadai yakaenda nenguva isipi.

⁴³ Uye ndicho chikonzero nhasi tiri kunetseka, “Chii chakakanganisika nekereke yePentekosti?” Imhaka yekuti takatora hunhu hwakasiyana. Takatora hunhu hwekuti, “Tinoda kodzero dzedu. Tichaita zvatinoziva kuti ndizvo zvakanaka kuita.” Zvino tinosindimara. Tinobva tave nepamuromo. Tinobva tashaya hanya. Tinorega hashha dzichipinda. Tinorega hundini huchipinda.

⁴⁴ Gwayana, kana nguva yasvika. . . Rine makushe aro pacharo, ikodzero dzaro. Rine makushe aro, asi vanatora gwayana uye voriiisa pamatanda, vosunga tsoka dzaro. Harimbokavi-kavi, harimboite nharo. Unongoritorera kodzero dzaro kubva pariri chaipo, nokuti igwayana. Hapana chimwezve charinogona kuita, nekuti ndihwo hunhu hwaro. Asi imwe nguva imbovhiringa Mukristu, unozoziva kuti igwayana here kana kuti imbudzi.

Unozoono zvaari, muvhiringe imwe nguva. Uye ndicho chikonzero nhasi machechi edu ari muchinhano chaari.

⁴⁵ Takazvidaidza kuti gwayana raMwari. Vakadzi nevarume, pamwe chete, vatanga kuita zvose kusara kwekuva makwayana aMwari. Unovatarisa vachidzika nemugwagwa, vaine bvudzi pfupi, rakagerwa, bvudzi ravo rakamonwa-monwa rose. Uye makore mashoma apfuura, unodana... iwe, ivo... waisagona kuvahaya kuti vaite izvozvo. Zvino unoshaya kuziva kuti sei chechi iri muchinhano chairi. Imhaka yekuti wakatora hunhu hwemhumhi kana mbudzi, pachinzvimbo chekuchengeta hunyoro hwakapfava. Zvino unoti, “Ikodzero yangu, Hama Branham.” Ndinoziva kuti ikodzero yako. “Vageri vanogera bvudzi. Uye chero bedzi mugeri achigera bvudzi, handina kodzero here?” Ndizvozvo, ndiyo kodzero yako yemuAmerica. Asi unoda here kuisiya, kuti uve gwayana? Unoda here kuzviisa pasi?

⁴⁶ Uye imi madzimai, kasiri kare, maifamba muchidzika nemugwagwa... Hazvina kana kukwana pakutaridzika nzira iyo vakadzi vanopfeka nhasi. Uye handisi kutaura nezvemaPresbyteriani nemaMethodisti, ndiri kutaura pamusoro penyu imi vakadzi vehutsvene. Munodzika nemumugwagwa, uye zviri...

⁴⁷ Ndakanga ndine kamuchinjikwa kadiki kakaremba pamberi pemota yangu, zvino mumwe munhu ndokuti kwandiri, akati, “Billy, unoziva here kuti icho chiratidzo cheChikatorike?”

⁴⁸ Ndakati, “Makatorike akawana riinhi huridzi hwemuchinjikwa?” Bodo! Hachisi chiratidzo chechinamoto cheChikatorike; ichocho chiratidzo chechinamoto cheChikristu. Chinamoto cheChikatorike ndechemumwe musande mudiki akafa, chaMaria kana-kana mumwe munhu akafa wavanonamata. Hatinamate vanhu vakafa. Hatinamate Musande Cecilia nevasande vese vakasiyana. Ichocho Chikatorike, chinova chiyero chepamusoro chekunamata midzimu. Asi muchinjikwa unomiririra iYe Akafa akamukazve.

⁴⁹ Ini ndikati, “Ndinouchengeta ipapo, ndakatarisa mumigwagwa. Makore 25 akapfuura, kana kuti 30, pandaive ndapotsa ndava bofu, Ndakavimbisa Mwari kuti kana Vaizopodza maziso angu ndaizotarisa chinhu chakanaka.” Ini ndikati, “Kune kwese kwaunotarisa, hakuna kana humwari, vakadzi vasina kusimira zvakanwana, uye vakadzi vakashama vakarara mumayadhi nekwese-kwese. Ndinotarisa pamuchinjikwa pane kutarisa (zvino ndorangerira zvandakaitirwa naKristu, ndotendeudza musoro wangu) kuchinhu chinova chadhiyabhore.” Hareruya!

⁵⁰ Uye ivavo vanhu... Usati avo “maPresbyteriani, maKatorike,” maPentekosti! Ameni. Unoti, “Ndine kodzero yekudaro, Hama Branham.” Ndizvozvo, asi dai wanga uri

gwayana, wairasikirwa nekodzero dzako. Uye paunenge wozvibata saizvozvo, Mweya Mutsvene, Njiva yakapfava, Inotiza pakarepo. Haizonyadzi swi pamwe newe. Kwete, kwete, kwete. Usambofa wakafunga kuti uchaita zvakadaro uye wochengeta Mweya Mutsvene. Haugone kuzviita! Bhaibheri rakataura kudaro. Unofanirwa kurasikirwa nedzako...Zvino, woti, “Vamwe vakadzi vose vari kuzviita.”

⁵¹ Uye newe murume, imi zvinhu zvinonzwisa urombo, zvidiki, zvakawota, zvinoita sevakadzi, iwe, unorega mudzimai wako achiita chinhu chakadaro, zvinoratidza kuti wakagadzirwa nei. Ndicho chikonzero usina Mweya Mutsvene sezvaunotaura kuti unawo, kana kuti waizove nechimwe Chinhu chakakwana chiri pauri chinomuita kuti aite semudzimai kwaye chero bedzi achigara newe, zvakadaro. Amen. Izvozvo zvinoita sezvechinyakare, zvichicheka. Asi ndizvo zvinodiwa nechechi nhasi, kushambidzwa kwechinyakare, neMweya Mutsvene, uye nekuyanikwa nekuomeswa, nokuainwa, neMweya Mutsvene. Chokwadi!

⁵² Chinhano chakadii chapindwa nenyika! Mabudiro avanoita mumugwagwa uye vongoenderera! Kutu unoti name-name paterevhizheni neChitatu manheru, zvino worega kuenda kucheche! Kutu iwe...Handiti, zvokuti hamuna mwana nenyika...anoziva zvese kuti David Crockett ndiani. Uye nhema idzodzodzine tsvina, achiti akauraya chitsere aine makore 3, unoziva kuti inhema, asi unorega vana vako vachizadzwa musoro wavo neizvozvo. Uye hapana 1 pesendi ye 100 yakatomboziva chero chinhu nezvaJesu Kristu. Imhaka yokuti nyika ino yasvibiswa kwazvo! Nyika ino, ine hupenzi kwazvo uye iri kure kwazvo naMwari, yakaramba Mweya Mutsvene.

⁵³ Oo, unoti, “Ndinoenda kucheche uye ndinodanidzira.” Unogona kuzviita. Asi, kusvikira Gwayana iroro raMwari rakapfava ragara mumoyo mako, uye rokuita kuti uchenese hupenyu hwako uye woita semunhu akasiyana, hazvikubatsiri zvachose kutevedzera Chikristu. Unofanira kuva naWo. Amen.

⁵⁴ Ndakapinda mune imwe imba pano nguva shoma yapfuura, kunoshanyira mumwe murume airwara, uye mumwe mudzimai akanga akarara, akagarapo. Zvino kamwe kaOswald kadiki kakare kakapinda, ngowani yakagara padivi pemusoro wako, ndokuti, “Ami, chikafu chaita here?”

⁵⁵ Vakati, “Mudiwa, hatina kumbowana nguva,” vakati, “mangwanani ano, yekugadzira chero chikafu chemasikati.” Vakati, “Ndiri kukugadzirira sangweji,” vakati, “pane maranjisi.”

⁵⁶ Akafamba ndokubata ranjisi, akaritarisa, ndokuriruma, ndokurikandira kumadziro nesimba raaigona, muto ukayerera

uchidzika, akati, “Kana zviru izvo zvega zvamunazvo panzvimbo ino, saka ini ndichabuda,” saizvozvo.

⁵⁷ Ndakafunga, “O Mwari, anofanira kuva aive wangu kwemaminitsi angaite 5!” Vakomanaka, ndaimubvisa ganda sezvaasati amboziva kuti rabviswa! Asi ivo vakarara ipapo, vachimunzwira tsitsi nekumunyengerera. Chaanoda kunyatsorohwa kuya kwechinyakare kwakanyatsonaka kunosvuurwa ganda. Ndizvo zvatinoda, dzimwe dzimba dzechinyakare zvakare, uye nevamwe vaparidzi vanomira seri kwepurupiti vachiparidza Chokwadi, uye voChiisa paChinofanira kuiswa. Ameni. Ichokwadi. Oo, ini zvangu!

⁵⁸ Mary mudiki anogiya netsoka dzake diki, zvino osimudza mhino diki iya mudenga uye omonyera miromo midiki iyoyo ine ruvara rweruva (nezvinhu zveMax Factor) mudenga, uye osimudza musoro wake mudiki mudenga ofamba achibuda mumba. Zvinonyadzisa kwazvo! Vana vava kusateerera kwazvo! Bhaibheri rakati vaizodaro. Magwaro akati vaizodaro. Maitiro avaizoita, zvavaizoita, uye nezvinhu zviru kuitika munyika nhasi, imhaka yokuti vakachedza Mweya Mutsvene.

⁵⁹ Makore mashoma akapfuura. Ndiri kuenda zvino, mumazuva mashoma, kunopemberera kudonha kwekutanga kweMweya Mutsvene muAmerica, makore 50 akapfuura gore rino, pamusangano wekare muAzusa Street, musangano wepentekosti muLos Angeles, uko kwavakava nako kudonha kwokutanga kweMweya Mutsvene, vanhu pavakaungana. Kristu paakadzika pakati pevanhu ivavo, vakanga vakangopfava, vachingova nerugare. Vairarama hupenyu wehumwari. Vairarama hupenyu hwekuzvipira. Vakanga vachitoda kuzvipira. Vakanga vachida kutungamirirwa neMweya Mutsvene. Vaive vasina basa nezvaitaurwa nevanhu, vaive “vechinyakare,” kunyangwe vakati “vaipenga” kana kuti kudii nezvazvo, vakanga vachida kutungamirirwa neMweya Mutsvene.

⁶⁰ Asi, nhasi, oo, ini zvangu, nepoda nebhokisi rekupenda-penda, uye akapfeka chikabudura, uye ari kunze mumugwagwa, handiti, zvinonyadzisa! Uye vachizvidaidza, “neMweya Mutsvene.” Oo, unoti, “Asi ndakataura nendimi.” Hongu, uye dhiyabhore anodarowo, zvakare. “Oo, ndakadanidzira.” Uye dhiyabhore anodarowo, zvakare. Dhiyabhore anogona kutevedzera zvese izvo Mwari vanazvo, kunze kwerudo, zvino haakwanise kutevedzera rudo. Hongu.

⁶¹ Zvino, chinhu chekutanga munoziva, pamakatanga kuita zvinhu izvozvo, makaderedza chiyero, mukatanga kurerutsa, zvino chechi ndokutanga kuita tumapenzi, tumapoka tudiki pakati pavo, zvino uyu akati, “Munoziva, mufundisi angori *zvakati-nezvakati*,” kana “mudhikoni ari *zvakati-nezvakati*.” Uye, chinhu chekutanga munoziva, wakateerera kune izvozvo!

Uye ndicho chikonzero takava nedambudziko rakawanda kwazvo, nemhaka yekuti wakatanga kuteerera kuna dhiyabhore, uye wowana kuhon'a pachinzvimbo chekuteerera kuNjiva yakapfava, Mweya Mutsvene, Njiva yaMwari inokutungamirira nekukupanga nzira, inokuda nekukuropafadza.

⁶² Kekutanga paunaita tuhasha tudiki tuya, Njiva inobva yabhururuka pakarepo. Ndizvozvo. Haikwanisi kumira pakadaro. Hunhu hwayo hwakasiyana. Oo, haIkwanise kumira pane izvozvo zvachose. Uye paunotaura nezvemuvakidzani wako, haIkwanise kumira pakadaro, haItombokwanisi kugara nezvakadaro. Inongobhururuka zvaYo yobva yaenda. Haikwanisi kumira pane izvozvo zvachose. Njiva yakapfava. Njiva ine hunyoro, uye Njiva, uye—uye haIgoni kumira pane chii zvacho kunze kwekunge chiine mhando yehunhu humwe chete.

⁶³ Zvino, Mwari vanogona kukuita hunhu hwakasiyana, murume kana mudzimai, Vanogona kukupa hunhu hwakasiyana. Zvino unoti, “Zvinoka, Hama Branham, chii chatingaita pamusoro pazvo?” Ingova gwayana zvakare. Imhuka 2 chete dzichafambidzana pamwe chete, injiva negwayana. Njiva haiuye kune chimwe chinhu kunze kwegwayana. Zvino kana ukava mbudzi, zvino tora mweya wembudzi wekare iwoyo ubve pauri. Ndizvozvo. Kana ukava chimwewo chinhu, chibvise pauri, kana ukatanga kuva murevi wemakuhwa.

⁶⁴ Pano imwe nguva, ndakaparidza nesimba randaigona naro kuparidza mune rimwe guta, zvino kwakanga kune zviuru zvevanhu ikoko. Ndakadanira vanhu kuuya kuartari. Ndakafunga kuti ndakanga ndabata chose chaive nechekuita nechivi, ndakabata chose chandaigona kufunga nezvacho. Manheru iwayo mushure meshumiro, mumwe mudzimai mudiki akatsvinda chaizvo akasvikapo, akati, “Manjeka, Hama Branham, zvechokwadi ndinofara kuti hamuna kumbondibata manheru ano.”

Ndakafunga, “Anofanira kunge ari Mukristu chaiye.” Akati, “Hamuna kumbondibata manheru ano.”

⁶⁵ Ndakati, “Zvino, zvirokwasvo ndinofara kunzwa izvozvo, amai, munofanira kunge muri pedyo neHumambo hwaMwari.” Ndokufamba nezvidodoma achienda.

⁶⁶ Vamwe mai vechikuru vaive vakamirapo. Ndakati, “Nhai, munoziva mukadzi uyo here?”

“Hongu.”

Ndakati, “Anofanira kunge ari Mukristu chaiye.”

⁶⁷ Vakati, “Chinhu chimwe chete chatatadza kurova manheru ano, Hama Branham, anga ari makuhwa. Ndiye mukuru wemakuhwa munyika.” Hezvoka izvo, ndizvozvo, munoona.

⁶⁸ Asi kana wasvika pane chimwe chezvinhu izvozvo, zvisinei kuti muparidzi achirova papurupiti here kana kuti kwete,

paunoona zvinhu zvenyama izvozvo zvenyika, chero bedzi uchidyidzana nazvo, uri kure naMwari, uye Mweya Mutsvene uchagarira kure. Ndicho chikonzero misangano ichisiri sezvayaisimbova. Ndicho chikonzero kutendeuka kwechokwadi kuri kushaikwa mangwanani ano mutabhenakeri. Ndicho chikonzero misangano mikuru yematende isiri kwese munyika, imhaka yokuti takachedza Njiva yakapfava yaMwari. Ndizvozvo. Haizogara nesu chero bedzi isu tisina hanya, chero bedzi tiri kunyeya, “Tinoda nzira dzedu!”

⁶⁹ Zvino, ndinoda kuti mucherechedze, Gwayana rakanga riri Gwayana rakanyarara. Bhaibheri rakati, “Haana kuzarura muromo waKe. Samakwai pamberi pevaveuri, Akanga anyerere.” Haana kuzarura muromo waKe. Akanga asiri muchinda anoda kodzero dzake. Kwete, changamire, Aitoda kurakirwa nekodzero yaKe. Akanga ari Gwayana rinyerere.

⁷⁰ Asi, nhasi, oo, ini zvangu, tinoda sei misiyano yedu! Oo, ini zvangu! “Ndinokuudzai, ingoregai mumwe munhu ataure chimwe chinhu kwandiri, ndinoendako kunomutora, vakomana, ndinomubvambura-bvambura.” “Ndichaudza munyengeri uya wekare kana ndamuona! Imi chingomirai chete kusvikira ndamuona! Mwari ngavarumbidzwe, hareruya! Uh-huh!” Njiva Inongobhururuka yobva yaenda. Ndizvozvo. Mweya Mutsvene hauchisiri newe zvachose, chero bedzi uri kunzwa saizvozvo. Ingozvinyora pasi mubhuku rako, haUfe wakazviita. Mweya Mutsvene haungogari pane mhando yemweya wakadaro. Unofanira kunge uri mweya wegwayana, mweya wakapfava, kana kuti haUtongogari nawo, ndizvo zvoga zviripo kwazviri; kana usiri wakapfava, munyoro, uchitungamirirwa neMweya Mutsvene. Zvino kana chimwe chinhu chikasisimuka, haUtombozvicherechedzi, unongoenderera mberi. Maona? Uye panguva iyo yaunotsauka, unoziva, ndiyo chaiyo . . . pawakatsauka.

⁷¹ Munoziva, chivi chekutanga chakatanga nemunhu achingotsauka kwechinguvana. Maizviziva here? Bhaibheri rakataura kudaro. Evha akangotsauka kwechinguvana, kuti anzwe kuti Satani aizotii, uye akamupendera mufananidzo wakanaka kwazvo kusvikira akatofunga kuti chaiva Chokwadi. Zvino akamuteerera.

⁷² Zvino chinhu choga icho dhiyabhore anoda kuti uite, kungotsauka kwekanguvana. Anogona kupenda mufananidzo wacho, oti, “Zvino, honaka. Munoziva, hama, munoziva, hanzvadzi, dai vaive mhando yevanhu vacho chaivo, havaimboita *izvi*. Kana vakangoita *izvi* pano chaipo, munoziva.” Anogona kuchiita kuti chive chamazvirokwazvo chaizvo kwauri kusvikira chava chokwadi chaicho. Ndizvozvo! Asi rangarirai, ndidhiyabhore!

⁷³ Handina basa kuti vakaderera sei, kuti vakanyura

muzvivi zvakadii, ibasa rako kuvambundikira neruoko zvino wovasimudza nerudo rwaMwari. Waivepi pawakasimudzwa neNjiva yaMwari kubva mumatope? Ibaso rako, shamwari yangu. Nyika ino iri kudokwairira rudo rwushoma zvarwo. Irwo. . .

⁷⁴ Ndinoda kuti mucherechedze mhuka iyi, zvakare, mhuka diki iyi, rakanga riri gwayana rakanyarara nokuti harina. . . paAkaturwa, haAna kudzosera. Haana kutuka nekuenderera, nekukakavara nekupopota nekuenderera, haAna kuzviita. Kana mumwe munhu. . . PaAkaturwa, haAna kudzorera nokutuka. Haana kuzarura muromo waKe.

⁷⁵ Asi ingorega mumwe munhu aite chimwe chinhu kwauri kana ini, oo, ini zvangu, tinoputika sedzetsa riri kudya mabara makuru emuchifefe, tofuta se—sesekwe rekare. “Ndinokuudzai iko zvino, akanditsika pazvigunwe zvangu saizvozvo zvakare, handifi ndakadzokera kucheche yekare iyoyo zvakare. Kwete, changamire! Mwari ngavarumbidzwe! Hareruya! MaNazarene vachandigamuchira, vePilgrim Holiness, vachanditora. Hareruya. Handichafanirwa kuti ndizviite zvakare.” Zvakanaka, Njiva inobva Yabhururuka.

⁷⁶ “Unozivei? Kana munyengeri uya wekare akaenda kucheche iyoyo, handifi ndakaenda zvakare. Mwari varumbidzwe, handifi ndakazviita!” Kana chinhu ichocho chakubata, mhumi iya yakare inohon’a, Njiva Inobhururuka. Ndizvozvo. Ipapo Mweya Mutsvene unenge waenda.

⁷⁷ Zvino unozoshaya kuti chii chakakanganisika newe. Unozoshaya kuti chii chakakanganisika necheche. Unozoshaya kuti chii chakakanganisika newe. Sei usina kukunda sekwawaisimbova nako? Washandura hunhu hwako. Wava mbudzi pachinzvimbo chegwayana. Wava chimwe chinhu chisiri gwayana.

⁷⁸ Unofanira kuwana iwo Mweya munyoro chaiwo, “Regai Mweya Mutsvene unditungamirire chero hako. Mwari, ndinoda mutadzi wose, zvisinei nokuti vari kupi.” Mhando iyoyo yenzvimbo ikapinda mumwoyo wemunhu, ipapo uchaona chimwe chinhu chichiitika, mweya wako.

⁷⁹ Unoti, “Asika, Hama Branham, pane mushonga here wazvo?” Hongu, ingova gwayana, ndizvo zvoga. Unoti, “Zvakanaka, Hama Branham!”

⁸⁰ Ndakasangana nemumwe mudzimai wechidiki humwe husiku, zasi kuShreveport. Billy neni takaenda kune imwe nzvimbo kunotenga sangweji mushure mekunge shumiro yapera. Mumwe mudzimai wechidiki akanaka akapindamo, zvichida musikana wechidiki, kana zvimwe ane makore 20 kana mamwewo akadaro, akapfeka zvakanaka. Akagara pasi. Ndakamucherechedza kuti airamba achitarisa kudivi rino. Ndakangoramba ndichidya hangu. Maminitsi mashoma

mudzimai uya akabva apinda. Akati, “Makadii henyu?” Ndakataura naye. Uye ndinoziva kuti mudzimai uyu aiva Hanzvadzi Davis zasi uko. Zvino iye nemumwe mudzimai wekuLife Tabhenakeri, ndaivaziva zvakanyanya, akauya ndokutaura neni, ndokupfuurira hake. Zvino mudzimai uya wechidiki kune rimwe divi, akati, “Hama Branham, yanga iri Mharidzo yakanaka manheru ano.”

⁸¹ Ndikati, “Makadii, hanzvadzi?” Ndikati, “Mazvita henyu, zvikuru.” Ini ndikati, “Muri nhengo yeLife Tabhenakeri here?”

⁸² Akati, “Ndiri.” Akati, “Munoziva, Hama Branham, ndingadai ndaimba mukwaya, asi vanorambidza zasi ikoko.” Akati, “Ndakava, oo, nemakore akawanda kwazvo ekudzidziswa kuimba, nezvose.” Akati, “Ndaiimba ndoga uye ndaiimba zvimwe zvinhu.” Akati, “Asi, ini—ini handina kukwanisa kuimba, nekuti vano—vanorambidza kuti ‘hapana mukadzi akazora pendi anogona kuimba—kuimba mukwaya.’”

Ndikati, “Zvinoka, Mwari ngavarumbidzwe nokuda kweLife Tabhenakeri!”

⁸³ Akati, “Asika, ndinokuudzai, Hama Branham,” akati, “Ndiri Mukristu.”

⁸⁴ Ndikati, “Zvino, hanzvadzi, endai kumba mundogeza kumeso kwenyu, kana chero zvamunoita.” Ndikati, “Munoreva here kundiudza kuti mungatendera chinhu chidiki sekuzora zvinhu zvishoma izvozvo kumeso kwenyu. . .”

⁸⁵ Uye ndinogona kukuratidzai kuti izvozvo zvakabva kuna dhiyabhore. Ndinogona kukuratidzai kuti hapana chinhu mu. . . Vakazvivamba vaive mahedheni. Uye chero bedzi uchizvizora, chiratidzo chehuhedheni. Zvino, ndichangodzoka kubva kuAfrica, uye ndakanga ndiri mumasango emaHottentot ndokuona chaiko uko mhete, uko kunouya zvinhu zvese izvozvo, uye nezvese izvi, zvishongo zvakawanda zvakaaiswa mumitsipa yako nenzeve nezvose, ndiko kwazvinobva. Mahedheni. Zvino Bhaibheri haridi kuti Mukristu ave muhedheni. Uye iwe haudi. . . Handisi kuti uri muhedheni nekuti unozviita, asi uri kuzviita kuti utaridzike semumwe. Imhaka yekuti mufundisi wako haana kukuudza Chokwadi. Bhaibheri rakataura kudaro.

⁸⁶ Uye zvino unoti, “Hama Branham, ndinofunga kuti ndikava nebvudzi pfupi, rinondiita kuti nditonhorerwe nezvimwe zvakadaro.” Ndizvozvo, asi kana uine bvudzi refu unotowedzera kutonhorerwa. Rinokubvisa kwese pamutsipa wako, rokuputira rozviringanisa.

⁸⁷ Saka, munoziva here zvakataurwa neBhaibheri? Kutu, murume ane kodzero yekusiya mudzimai wake uye omuramba kana akagera bvudzi rake. Kana akagera bvudzi rake, zvinoratidza kuti ari kurarama zvisina kutendeka kwaari. Bhaibheri rakataura kudaro, VaKorinde Vokutanga 12, tsvagai muone kana Zvisizvo. Uyo ano. . . Mukadzi anogera bvudzi

rake anozvidza musoro wake, uri murume wake. Uye kana achizvidza, anofanira kurambwa uye osiwa. Ndizvozvo. Asi, munoona, mufundisi haambokuudzai zvinhu izvozvo. Zvino ndicho chikonzero muchiita nenzira yamunoita. Uye—uye murume, Bhaibheri rakati. . .

⁸⁸ Pano nguva pfupi yakapfuura pane mumwe munhu akanyora ndokuti, “Hama Branham, ma—iwo mabhurauzi aya anowanikwa nemadzimai,” akati, “handiti, zvakango. . . hauchatongokwanisa zvachose kuwana mabhurauzi, uye zvingava zvakana kuzviita kuti isu madzimai eChikristu tipfeke aya madacron, naironi, kana chero hacho zvachakaita?”

⁸⁹ Ndakati, “Honaka, hanzvadzi, pane chinhu chimwe pazviri. Hechino chinhu chimwe chete chechokwadi. Unogona kuita izvi: kana usingakwanise kutenga rimwe, vanotengesa michina yekusona, unogona kusona rimwe.” Ndikati, “Ndizvozvo. Kuita kuti zvingotaridzika sekunge. . .” Ndinotenda. . . Munoziva, zviri mumoyo mako ndizvo zvinoviridzira. Maitiro aunoita nemazvibatiro aunoita, zvinoratidza zviri mauri.

⁹⁰ Ndicho chikonzero kuti zvese izvi pano zvekuhon’erana nekukakavara nekunyeya, uye—uye kunyeyawo, nokungoenderera pachechi, ndizvo zvinoputsa chechi. Zvinoratidza kuti dhiyabhore akapinda mamuri, uye zvinoratidza kuti Mweya Mutsvene wakakusiyai. Zvino, ndinoziva kuti izvi zviri kunyatsokukweshwa vamwe venyu, asi zvinofanira kuzviita. Zvinofanira kudaro! Ndizvo zvazvinotaurirwa; kwete kuva ndakachenjera, kwete kukunakidzai; asi kuti ndikuudzei pane dambudziko, nekuti rimwe zuva ndichafanira kuti ndimire ndichikupindirai. Uye chikonzero chaicho uchiita maitiro aunoita nemazvibatiro aunoita, zvinoratidza zvauro. Kana uchingova nehasha dzekare dzinoita kuti ukurumidze kushatirwa nenguva isipi, wobva wabudapo zvino woenderera, kana kutsoropodza, kana zvinoyadzi nezvimwe zvinhu zvakadaro, zvinoratidza kwazviri kubva.

⁹¹ Zvino pane chinhu chimwe chete chekuita, bvisa chinhu ichocho kubva imomo, zvino Njiva inodzoka kumwoyo wako. Njiva payakabuda muareka, yakaregedzerwa kunze. Asi yakadzoka ndokugogodza pamusuwo weareka iyoyo kusvikira Noa azoipinza mukati. [Hama Branham vakagogodza papurupiti—Mupepeti] Mweya Mutsvene uri pano. Mweya Mutsvene uri kuda kupinda. Ndicho chikonzero nhasi, kuti Mweya Mutsvene, Usina kubva pauri zvachose. Wakangogara zvawo kunze uko pamapazi emiti pane imwe nzvimbo, wakagadzirira kuZvibhururutsa uchidzoka uye kuzopinda mauri, zvino wokupa rudo norugare nomufaro sezvawaisimbova nazvo. Chokwadi, ndiwo. Wakagadzirira kuzviita. Unoda kuzviita. Uri kushuvira kuzviita. Asi hauUvumiri kuti uzviite!

⁹² Zvino, handisi kutaura nemi vaenzi. Handizivi izvo mufundisi wenyu. . . Ndiri kutaura kuBranham Tabhenakeri. Handisi kutaura kwamuri vanhu vanobva kune mamwe machechi. Ndiri kutaura kuBranham Tabhenakeri. Ndiro dambudziko riri pano.

⁹³ Ndizvo zvinoita kuti Njiva Itize. Ingorega mumwe munhu anogotanga chimwe chinhu chidiki pachechi, zvino chinhu chekutanga, “Oo, ndizvo here? Oo, akadaro. . . ? Hamurevi kudaro?” Pakare ipapo Mweya Mutsvene unobva waenda, unobhururuka uchienda. Haugoni kuda mhando yemweya wakadaro. Chero bedzi hunhu hwegwayana ihwohwo hwukakusiya, zvino Mweya Mutsvene unozenda. Ndizvozv. Zvino ndiro dambudziko nhasi. Ndicho chikonzero vanhu vari muchinhano chavari, imhaka yekuti vanorega mweya usiriwo uchipinda mumoyo yavo, muhupenyu hwavo. Zvino ndicho chikonzero tine. . .

⁹⁴ Bhaibheri rakati ndicho chikonzero kune vazhinji kwazvo vanorwara nevanotambudzwa pakati pedu, nemhaka yezvinhu zvakadaro. Tinofanira kuva vakapfava. Tinofanira kuva nerunyararo. Tinofanira kuva gwayana, kuitira kuti Njiva igone kugara nesu.

⁹⁵ Zvino, rangerirai, Njiva inouya. Akati, “Oo, Hama Branham, musandiudze kuti handina kumbogamuchira Mweya Mutsvene. Hareruya! Zasi, husiku ikoko humwe husiku, oo, paWakapinda, ndaingogona kufamba. . .” Chokwadi, wakanga uri iWo! “Oo, ndakanzwa zvakanaka kwazvo, ndakanzwa sokunge ndaigona kutora shiri duku yose kubva mumuti ndoimbundira nokuida. Muvengi wangu akaipisisa akambondiitira chero chii zvacho, ndakanzwa sendaigona kuvaisa ruoko rwangu pavari ndichivambundira. Oo, Hama Branham, ndakanzwa zvakanaka kwazvo!” Chokwadi, wakanga uri Mweya Mutsvene.

⁹⁶ Asi, munoono, chikonzero Wakatadza kugara. Wakanga uri gwayana ipapo; asi pawakazova mhumhi, Wakatozoti Utize. Hapana chakaipa ne—ne—neNjiva; ndiwe, uye ne. . . wakarega mweya iwoyo uchiuya kwauri. “Ndakaubvumira here, Hama Branham?” Hongu, pawakaenda kunoteerera makuhwa aye, pawakateerera kunhema dziya, pawakatanga kuti, “Zvinoka, ndine kodzero yekudaro!”

⁹⁷ Iwe hauna kana kodzero zvayo! Wakatengwa nemutengo, uyo waiva mutengo weRopa rinokosha reMwanakomana waMwari. Hauna kodzero dziri pamutemo. Hareruya! Kodzero dzauinadzo chete, ndedzekuti, huya kuChitubu chizere neRopa rakabva muTsinga yaEmanueri, apo vatadzi vakanyudzwa pasi pemafashamo, vanorasikirwa nemakwapa avo emhosva. Hongu, changamire. Ndiyo kodzero yoga yaunayo, inova kuzvipira pane kuda kwako pachako, kuna Mwari, zvino Mwari vobva vatungamirira kubva ipapo zvichienda mberi. Ndizvo

zvinokonzeresa misangano...Ndizvo zvinokonzeresa zvinhu zvakawanda zvisinganzwisiki. Mweya Mutsvene unoenda kune imwe nzvimbo, Mweya Mutsvene woti, “Izvi hazvina kunaka. Misa musangano, enda uko.” Ndinoumisa, zvakare, hama, ndoenda mberi. Ndizvozvo, nokuti unofanira kutungamirirwa neMweya waMwari. Uye nzira chete yekutungamirirwa neMweya waMwari, kugara wakapfava, kwete kuziva zvakanwanda.

⁹⁸ “Oo,” unofunga, “Ndinoziva zvakanwanda.” Hongu, unovhiringidza pfungwa dzako kusvika pekuti hadzichagona kuzvifungira pachadzo. Unoziva mabhuku ose nemhinduro dzose, nechiGiriki chose nechiHebheru chose, uye usina nzvimbo yokuti Njiva imhare. Ndizvozvo. Asi unoziva zvose, zvino Njiva haigoni kutungamira, nokuti unoziva zvakanwanda.

⁹⁹ Gwayana harizviti rinoziva chinhu. Rinofanira kuva nemumwe munhu anoritungamirira. Kubwinya! Ndizvozvo. Hapana chandinoziva! Amen. Chinhu choga chandinoziva, ndechokuti, Kristu Jesu akafa kuti andiponese.

¹⁰⁰ Zasi muCalifornia makanga muine muchinda aiuya, aive nechinyorwa pamberi pake, chakanzi, “Ndiri benzi raKristu,” zvino kumusana kwakanzi, “Uri benzi raani?” Ndizvozvo. Iva benzi, kunyika, kuti utungamirirwe neMweya Mutsvene, nokuti vanakomana nevanasikana vaMwari vanotungamirirwa neMweya Mutsvene. VaRoma 8:1, inoti, “Naizvozvo zvino hakuchina kupihwa mhosva kune avo vari muna Kristu Jesu, vasingafambi munyama, asi muMweya,” vasingafambi semhumhi, asi Njiva. Amen.

¹⁰¹ Doc aisimboimba rwiyo, “Zadzai nzira yangu zuva nezuva nerudo, apo ndinofamba neNjiva yeKudenga; regai ndiende nguva yose nerwiyo nekunyemwerera, zadzai nzira yangu zuva nezuva nerudo.” Richange riri zuva rerunyararo rwakadini kuBranham Tabhenakeri, kana chero chechi zvayo kana chero hake munhu, apo pavacharasikirwa nekodzero dzavo, kuti vave gwayana.

“Mubvunzo ndeupi, Hama Branham?”

¹⁰² Dzoka kuva gwayana, dzoka kuva wakapfava, dzoka pakusava uine chaunoziva, dzoka pakungozviisa pasi paKristu. Usaedza, usaedza kuziva chinhu. Ingofamba zvinyoro-nyoro, chinyararire, zvakaninipa, zvakanwanda, zvino Njiva ichakutungamirira. Asi pese paunona... paunotanga kuteerera makuhwa iwayo, pese paunotanga kuita hasha idzodzo, pose paunotanga kufunga kuti une kodzero yekuita *izvi* nokuita *izvo*, Njiva Inongobhururuka zvayo yobva yaenda. Zvino hauzovi naYo zvachose. Zvino, haisi kure newe mangwanani ano, chechi. Yakagara kunze ikoko chaiko pabazi rerugare, yakamirira kuti hunhu hwako hushandurwe. Amen.

¹⁰³ Chaunoda nhasi kupira kodzero dzako dzese, kurega Mwari vakuradzike pasi nokuveura kodzero dzako dzose kubva pauri. Amen. Ungafungidzira here kuti gwayana diki rakare, makushe ose—ose akarembere pamusoro paro? Ikodzero dzaro. Hongu. “Haa, haa, haa.” Richitsva, uye ipapo robva rangorara patafura yekuveurira. Vanoziva zvakanatsorinakira. Vobvisa kodzero dzaro dzose kubva pariri vodziveura dzose, rintonhorerwa nekurerukirwa pakumhanya. Ini zvangu, ini zvangu, rinofara, uye rinosvetuka-svetuka uye rova nenguva yakanaka. Hongu, changamire. Kana ukarasikirwa nekodzero dzako, ndizvo zvaunowana. Asi unofanira kurasikirwa nekodzero dzako uye worega Shoko raMwari riveurire nyika yose kubva pauri, robvisa maitiro ose enyika, wobva wava chisikwa chitsva muna Kristu.

¹⁰⁴ Kuno imwe nguva shoma yakapfuura, uko muAfrica, ndaitaura ne—nemumwe mutsvene wekare. Akati, “Hama Branham, ndinoziva kuti munotenda mune zvemweya.”

Ndikati, “Zvirokwazvo, hama yangu.”

¹⁰⁵ Akati, “Makore apfuura ndaifunga kuti ndaive mumwe munhu.” Akati, “Ndaifunga kuti ndaiva Mukristu chaiye.” Zvino akati, “Zvino kumusoro uko muchechi medu... Ndaifanira kuti ndikwire chikomo, apo ndakamisa mota yangu diki.” Uye akati, “Ndaifanira kukwira chikomo zvinenge, oo, mayadhi 300 kana 400, uye ndichienda nemune makwenzi nezvimwe, ndichikwidza.” Uye akati, “Taiita musangano wemunamato kumusoro ikoko.” Uye akati, “Ndaifunga kuti ndaiva Mukristu chaiye.” Akati, “Ndaiziva Bhaibheri rose. Ndakanzvera chiHebheru chose. Ndakanzvera mataurirwo ose eMazwi acho.” Uye akati, “Chero ani aifamba achiuya kwandiri, ndaigona” [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Mupepeti] “kutura navo saizvozvo nezveBhaibheri. Ndaiziva zvandaitaura nezvazvo.” Akati, “Humwe husiku ndaikwidza kuenda kuchechi. Muchechi medu makanga maita kunetsana kukuru.” Akati, “Kwakanga kune mapoka maduku aipesana. Munoziva kuti anosimuka sei.”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

¹⁰⁶ Akati, “Ndiri munzira yangu kukwidza chikomo, ndaifamba, zvino pakarepo ndakabva ndaziva kuti pane mumwe munhu ainditevera.” Uye akati, “Ndakafunga kuti ndichangomirira zvishoma uyo chero waangava, kuti andibate, uye ndaizotaura navo kwechinguva chiduku tichikwidza zvedu nomugwagwa.” Munoziva, chinoita sechinhu chakanaka, iwe ingomira zvishoma. Uye oti, “Pandakafamba ndichikwira chikomo,” akati, “Ndakakwira. Mumwe murume akakwira chikomo,” ndokuti, “Aive nemukwende kumusana waKe waive wakakura kwazvo kudarika Murume wacho.” Uye akati, “Aingofemereka nekutura mafemo, achingoita nhanho diki-diki, achiedza kukwira. Ini ndikati, ‘Shamwari,

ndingaKubatsira here kutakura mutoro uyu kukwira chikomo?” Akati, “Kwete, ndinofanira kuutakura.” Akati, “Ndakatarisa maoko aKe,” akati, “Ndakabva ndaziva kuti chaiva chiratidzo. Akanga aine mavanga muruoko rwaKe.” Akati, “Ndakawira pasi, ndikati, ‘Ishe, Makatakura here zvivi zvenyika musaga iroro?’ Vakati, ‘Kwete, ndakangotakura zvako. Ndiri kungokukwidza chikomo, kungoitira kuti ugone kusvika kumusoro.’”

¹⁰⁷ Ndizvo zvazviri. Kana tikangotarisa-tarisa, tinozoono kuti Akatakura zvedu. Hazviiti kuti unzwe kuve mudiki here? Mwoyo wedu wakaipa, une hutsinye, nekuda kwekungoti tinogona kuzviita!

¹⁰⁸ Pano imwe nguva yapfuura ndaivhima. Sezvamunoziva, ndinofarira kuvhima. Zvino munyika iyoyo maiva nomumwe murume aiva neutsinye, aiva muchinda ane utsinye. Uye aigara achindiseka nekuti ini ndaisapfura mhembwe hadzi netsvana. Ndakati, “Hutsinye.” Ndakati, “Wadii wava muvhimi anoita nemazvo, akanaka uye wopfura mhembwe hono dzekare nezvinhu zvakura uye zvava peyo nekufa? Mwari vakazvipa kwatiri. Rega vanamai vadiki ivavo nezvimwe . . .”

¹⁰⁹ Akati, “Aa, muri gwara, muparidzi!” Akaramba achindiudza kudaro.

¹¹⁰ Ndakati, “Zvino, tarisa, dai ndaive nenzara uye ndichida imwe yetsvana idzi, ndinotenda kuti Mwari vaizondirega ndichiiwana. Asi kungoipfura kuratidza kungwara,” zvinoka, aizadza ngoro. Zvino akaenda ndokunozvigadzirira kumwe kudana, imwe mhando yepembe, uye aikwanisa kuridza pembe iyi uye yonzwika chaizvo setsvana diki iri kuchema. Rimwe zuva taive tiri mumatondo pamwe chete. Ndakamunyadzisa, ndikati, “Ndaizozvinyarira.” Aiuraya tsvana 8 kana 10 panguva imwe chete, kana achikwanisa, oita uye nezvose, kungoratidza kuve akangwara, pamwe ocheka makumbo ekumashure osiya zvimwe zvayo zvose zvakarara ipapo. Ndakati, “Haufanire kudaro.”

“Ah,” akati, “imi vaparidzi muri mbwende!”

¹¹¹ Rimwe zuva akamira uko mumatondo, akanga atora pembe iyi achibva airidza, zvino yainzwika sekatsvana kadiki kaichema. Achingodaro bedzi, mhembwe hadzi yakanaka yakaburitsa musoro wayo kunze, ichibva yafamba ichibuda. Waigona kuona maziso ayo mahombe ebhurauni akatarisa. Yakavhunduka. Yaitarisa kwese-kwese. Muvhimi akasimuka, ndokusimudza pfuti yake kuti apfure mhembwe hadzi iyi. Zvino mhembwe yakaona muvhimi. Asi, munoziva chii, kuchema ikoko kwetsvana iyoyo, haina kucherechedza pfuti iyoyo. Yakanga ichitsvaka mwana iyeye; akanga ari mudambudziko. Munoziva, kuratidzwa kwehumai chaihwo uye rudo rwaamai, zvokuti yaitarisana nepfuti iyoyo muchiso, murufu, yakarwutarisa mumuromo wepfuti iyoyo. Munoziva chii, kuratidzwa ikoko

kwaive kukuru kwazvo, kwakamubata, akakandira pfuti yake pasi! Akamhanya achidzoka ndokundibata paruoko, akati, “Billy, ndinamatirewo, ndaneta nazvo!” Paakaona kuratidzwa ikoko kwehumhare hwaamai!

¹¹² Oo, kana nyika ichiona kuratidzwa kwerudo rwaMwari, nehumhare mumoyo yedu yemunhu, zvichave mutsauko wakadii. Kana tikatendera Njiva yaMwari iuye pamwoyo yedu yotipfaviswa, yotiita vanyoro.

¹¹³ Imomo muchimba chezvimakwenzi seri ikoko, ini ndakamira ipapo ndichinamatira mukomana uyu wakare, ndakamutungamirira kuna Ishe Jesu. Kubva ipapo, akanga ava muvhimi akanaka, anoita nemazvo.

¹¹⁴ Chokwadi, aifunga kuti aiva nekodzero, aizoita zvaaida. “Idzo dziri panzvimbo yangu, dzinodya alfalfa yangu zasi uko kana dzichida.”

¹¹⁵ Ndakati, “Ndizvozvo, asi hutsinye kuita izvozvo.” Unofanira kurasikirwa nekodzero dzako. O Mwari, ivaiwo netsitsi, kuti tidaro.

¹¹⁶ Pano imwe nguva yapfuura, mune, oo, anenge makore 100 akapfuura, kwaiva neMukristu mukuru aigara kumaodzanyemba kwakadziva kumadokero kweUnited States. Zita rake ainzi Daniel Curry, murume aishamisa, murume aive nehumwari, murume mutsvene, Mukristu chaiye, murume aifungwa kwazvo nemunhu wese, munhu akaisvonaka. Uye nyaya yacho inoti, akafa kana kuti akaita sekubatwa muchiratidzo, zvino akati... achikwira kuenda Kudenga, ndizvo, paakafa. Zvino wakati asvika pamasuwo emaparera, mutariri akasvika pamukova, akati, “Ndiwe ani?”

¹¹⁷ Akati, “Ndini muvhangeri, Daniel Curry, ndakaunza zviuru zvemweya kuna Kristu. Uye ndiri... Ndinoda kupinda mangwanani ano. Rwendo rwehupenyu hwangu rwapera panyika, handina kwekuenda zvino.”

¹¹⁸ Ndiko kuuya kwarwuchaita kwauri rumwe rungwanani, mutadzi. Ndiko kuuya kwarwuri kuzoita kwauri, iwe wakadzokera shure. Ndiko kuuya kwarwuri kuzoita kwauri imi makachedmedza Mweya Mutsvene kubva kwamuri, usisiri munyoro uye wakapfava zvakare. Hauna kumbochema kwemakore. Hauna kumbonyara, handizivi kuti zviriinhi. Kudzikama kwese kwakabva pauri. Chokwadi. Asi rwuchauya pamusuwo wako rimwe remangwanani ano. Uye apo Mweya Mutsvene wakapfava unouya wogogodza, ko wadii wangoUbvumira kupinda?

¹¹⁹ Saka Daniel Curry paakauya ipapo pa—pa—pamusuwo, vakapinda, vakati, “Tichaona kana une zita rako pano.” Vakatarisa kwese-kwese, vakashaya kana chero zita. Akati, “Kwete, hapana Daniel Curry pano.”

120 “Oo,” akati, “chokwadi!” Akati, “Ndiri muvhangeri.” Akati, “Ndakaunza mweya kuna Kristu.” Akati, “Ndakaedza kuita chinhu chaive chakanaka.”

121 Mutariri akati, “Changamire, ndine hurombo kukuudzai, kuti hapana Daniel Curry pano.” Akati, “Ndichakuudzai zvamungagona kuita.” Akati, “Hatina mvumo pano kuti titonge nyaya yenyu.” Akati, “Asi mungada kukwidza nyaya yenyu here? Munogona kuikwidza kuChigaro Chichena cheKutonga, kana muchida.” Asi akati, “Hatikunzwirei tsitsi pano, zvachose, nekuti hamupo pano. Hapana tsitsi kwamuri.” Akati, “Mungada kukwidza nyaya yenyu kumusoro here?”

Akati, “Changamire, chii chimwezve chandingaite kunze kwekutongokwidza nyaya yangu kumusoro?”

122 Akati, “Zvakanaka, zvino, munogona kuenda kuChigaro Chichena cheKutonga monosvitsa nyaya yenyu ikoko.”

123 Daniel Curry akati kuti akazvinzwa achipfuura nemuchadenga kweinenge awa. Akati akasvika pane imwe nzvimbo, kwakatanga kuwedzera kupenya, kuchiwedzera kupenya, kuchiwedzera kupenya, kuchiwedzera kupenya. Akati, kuramba achienda kwaaiita, ndiko kuwedzera kupenya kwakwakaita. Kwakanga kuri kupenya zvapakapetwa ka 100, zvapakapetwa zviuru kupfuura zuva parakambopenya. Uye akati aidedera, achidedera. Ndokuti, paakapinda pakati peChiedza ichocho, akanzwa Inzwi richiti, “Wakanga wakakwana here panyika?” Richingobuda kubva mu—muChiedza.

Akati, “Kwete, ndakanga ndisina kukwana,” akatanga kudedera.

Rikati, “Wakagara wakatendeseka kune munhu wese here?”

124 Akati, “Kwete.” (Akati, “Zvinhu zvishoma zvakauya mumusoro mangu izvo zvandakanga ndisina kunyatsotendeseka nezvazvo.”) Akati, “Kwete, ndi—ndi—ndinodaira kuti ndakanga ndisina kutendeseka.”

Rikati, “Wakataura chokwadi here pose zvapo, muhupenyu hwako?”

125 Akati, “Kwete. Ndinorangarira zvimwe zvinhu zvandakambotaura, izvo zvaiva chokwadi chizere... izvo zvaisave chokwadi chizere. Ini—ini—ini—ini handina kumbobvira ndakataura chokwadi chaizvo.”

126 Ndokuti, “Zvinoka, wakambotora here chero chinhu chaive chisiri chako, chero chinhu, mari, chimwe chinhu chaive chisiri chako?”

127 Akati aifunga panyika kuti akanga akanaka kwazvo, asi akapomerwa mhosva. Akati, “Kwete. Kwete, ndakatora zvinhu zvaive zvisiri zvangu.”

Vakati, “Saka wanga usina kukwana.” Akati, “Kwete, ndakanga ndisina kukwana.”

¹²⁸ Akati aitarisira chero miniti kuputika kuchibva muChiedza chikuru ichocho paive pakazororera Njiva, “Une mhosva!” Akati, pakare ipapo akanzwa Inzwi shure kwake, raitapira kudarika chero inzwi raamai raakambonzwa. Akati akacheuka kuti atarise. Uye chiso chinonyanyisa kutapira chaati amboona, chinotapira kupfuura chiso chachero amai zvavo, chaive chakamira pamberi pake. Zvino Akati, “Baba, Daniel Curry akaNdimiririra pasi panyika. Ichokwadi, akanga asina kukwana, asi akaNdimiririra. AkaNdimiririra panyika, zvino Ndimichamimirirawo Kudenga. Torai zvivi zvake zvose muzviise paNdiri.”

¹²⁹ Ndiani achakumiririra zuva iroro, hama, kana ukaMuchemedza kubva pauri nhasi? Handichagoni kucharamba ndichiparidza. Ngatikotamisei misoro yedu.

¹³⁰ Mwari Vanodikanwa, Gwayana rinodikanwa riri kufa, rakanyorova, rakaninipa, rakazvideredza. Shiri dzaiva nematendere, uye makava aiva nebako, asi Makange musina nzvimbo, asi, zvakadaro, muri Ishe chaivo veKubwinya! PaMakaberekwa, vakanga vasina kana nenhumbi dzekuKupfekedzai. O Mwari, zvipfeko zvangu zvinondibatsireiko? Ko mota dzangu dzinondibatsirei? Musha wakanaka unondibatsirei? Zvichabatsirei nezuva iroro? Makanga musina shamwari; hapana aishamwaridzana neMi. Hapana aiita seaida kuKupai rubatsiro. Makati zuva iroro Muchazoti, “Ndaive nenzara, hamuna kuNdipa zvokudya. Ndakanga ndisina kusimira, hamuna kuNdi pfekedza.” Zvose zvatiinazvo zvichabatsireiko pazuva iroro, Ishe? Regai timirire iMi, kuitira kuti kana nguva iyoyu yavtika uye tozofamba tichipinda muHupo hwaKe, samasimba, ari kwese, ari-... O Mwari, patinonzwa Njiva iya, ine mapapiro aYo igere kumashure uko muChiedza chikuru chiya, Ichapenya nemuZiyendanakuenda rose. Apo, Munogara muChiedza!

¹³¹ “Pandinofanira kumira ipapo ndega, hama yangu yakaenda, mufundisi wangu akaenda, amai vangu vakaenda, baba vangu vakaenda, mudzimai wangu akaenda, vana vangu vaenda, O Mwari, zvino ndichazoiteiko, Ishe? Ndichazoiteiko zvino? Uye zvichida zvinogona kuitika zuva risati ranyura manheru ano. Asi ndichaiteiko? Ndoita sei? O Kristu, ndichaKumiririrai zvino! Ndichatora sarudzo yangu nhasi. Ndicharega kutaura kwangu kwese nezvevamwe vanhu. Ndicharasikirwa nehasha dzangu dzese. Ndicharasikirwa nemisiyano yangu yese. Ndicharasikirwa nezvese. Ndiveurei, Ishe, torai zvose zvandinazvo. Ingonditorai, Ishe. Ndi—ndi—ndinoda kumira panzvimbo yeNyu. Ndinoda kuveurwa. Ndinoda kuti hundini hwese, kuzvida kwese, kusava nehanya kwese, zvingobviswa zvese pandiri. Ipapo ndinoda kuKumirirai,

segwayana rakaveurwa, ndakagadzirira kusiya mafaro ose ezvavanoti mafaro ehupenyu, madhanzi ese, mapati ese, hembe dzese dzezvinyadzi, kupenda kumeso, pendi yemuromo, pendi yenzara dzeminwe, kusava nehanya kwese uku kunoratidzika senyika. Makati, 'Musatomboite senyika. Musatombodyidzana senyika. Budai pakati pavo!' Oo Mwari! Ndibatsireiwo, Ishe. Ndiveurei nhasi. Nditorei segwayana uye regai ndive ndakanyarara, ndorega kushama muromo wangu, ndorega kutaura chinhu pamusoro pazvo, ndongomira uye ndoveurwa."

¹³² O Mwari, zvinoita mutsauko wei! Ndinorangarira paMakandiveura imwe nguva, makatora mudzimai wangu, mwana wangu, baba vangu, nemunin'ina wangu. Makandiveura ndikachena. Asi, mumoyo mangu, ndaiziva kuti ndaiKudai. Makandiropafadza kwazvo! Maive makanaka kwazvo! Zvose zvandiri, zvose zvandingagona kuva, zvose zvandichazombova; ndiMi, Mwari, ndiMi. Ndinoreurura kukanganisa kwangu, ndinoreurura zvose zvakandakamboita kana kufunga. Ingondiveurai, Ishe, ndinoda kuva gwayana reNyū.

¹³³ Kwete izvozvo chete, Ishe, asi torai munhu wose ari muno mangwanani ano, gwai rose, naavo vangada kuva makwai, vaveurei vose, mangwanani ano, Ishe. Sungirirai tsoka dzavo diki pamatanda eVhangeri. Dai Mweya Mutsvene wavatungamirira mukutendeuka zvino, vazive kuti vanga vasina hanya naMwari. Uye dai Akaveura kusava nehanya kwese, nyika yose nezvinhu zvose zvenyika. Zviveurei zvose mangwanani ano, Ishe, kuti tigokwanisa kumira tichitonhorerwa uye takanyarara pamberi peNyū, seMakristu akazvarwa patsva. Zviitei, Ishe.

¹³⁴ NdinoKudai. Ndinoda kuenda, zvisinei kana kunze kuchipisa, kunyangwe ndichinzwa kuda kuzviita kana kuti kwete. Ndinoda kuenda. Ndinoda kuKumiririrai, nokuti ndinoda kuti Mureverere nyaya yangu nezuva iroro, moti, "Zvino, akaNdimiririra, zvino Ndichamumiririra." O Mwari, zviitei nhasi.

¹³⁵ Uye apo musoro wose wakakotamiswa, uye moyo wose wakakotamiswa. Handizivi mangwanani ano kana paine mumwe munhu pano anocherechedza kuti wakaedza kuita nenzira yako, wakaita zvinhu izvi zvawakanga usingafaniri kuita, asi uri kungonzwa kuti mangwanani ano ungada kuti Jehovha akuveure, uye oti, "Ndinokuita kuti uve gwayana chairo," ungasimudzawo here ruoko rwako. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hama. Mumwe munhuzve anoti, "Ndiveurei, Ishe, ndakamira. Ndiri gwai. Handisi kana kuzozarura muromo wangu, ndinongoda kuti Mugure nyika yese ibve pandiri." Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. "Ndiveurei, Ishe." Hanzvadzi Gertie. Uye Mwari vakuropafadze,

mudzimai. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. “Ndiveurei zvino, Ishe. Ndi—ndinoda kuti zvinhu zvose zvemunyika... Ndinoda kuKumiririrai mangwanani ano. Ndinoda kumira sehwei yakaveurwa. Ndinoda kuti zvinhu zvese zvemunyika zvigurwe kubva pandiri. Ndinoda kuva weNyu uye Imi muve wangu. Mungandigamuchirawo here, Ishe, ndichisimudza ruoko rwangu kwaMuri?” Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadze, mudzimai, ndiri kuona rwako. Mwari vakuropafadzei, hama yangu. Mwari vakuropafadze, mudzimai mudiki. Zvakanaka izvozvo. Mwari vakuropafadzei kumashure uko, amai. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Ndizvozvo, ingotendeseka. “Ndiri kuda kuti Mwari vatore zvese kubva kwandiri izvo zvisina kungofanana naVo, chero zvinanga zvehundini zvandinazvo, chero kushaya hanya kwandinako. Ndinoda kuti Vandiveure zvose zvibve, mangwanani ano. Ndinoda kufanana naVo. Handina basa kuti ikodzero here kana kuti kwete; ini handina kodzero. Ndine kodzero imwe chete, uye inoya, kuuya kwaVari. Vanotora zvimwe zvose.”

¹³⁶ Pane mutadzi here pano asina kumbobvira apupura Kristu, asina kumbobvira akaponeswa, uye unoda kurangarirwa mumunamato uno mangwanani ano, ungasimudza ruoko rwako here, shamwari mutadzi? Mwari vakuropafadzei. Mumwezve simudza ruoko rwako, uti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham. Handisi Mukristu, uye handizivi nguva chaiyo iyo yandichasangana naMwari. Uye ndi—ndinoda kurangarirwa iko zvino mumunamato, pamuri kuvhara.” Zvino, ungasimudza ruoko rwako here kuti ndikunamatire? Vanoona. Mwari vakuropafadze, mudzimai mudiki. Mwari vakuropafadze, mudzimai. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mumwe munhuzve, “Ndinoda kuva, ndinoda . . .”

¹³⁷ Vangani pano vakadzokera shure? “Oo,” unoti, “Handingabvume izvozvo, Hama Branham.” Asi, honaka, kana Njiva yehunoro yakabva pauri, hama, pane chimwe chinhu chakakanganisika. Pane chakatsveyama kana musingakwanise kutsungirira mumwe nemumwe. Paunenge usingakwanise kuregerera munhu wese kubva pakadzika pemoyo wako, zvisinei nezvavakaita kana zvavakataura, kana usingakwanise kuvaregerera kubva pakadzika, Jesu akati, “Kana musingakanganwiri munhu wose kudarika kwake, kubva mumwoyo mako, naBaba vakowo zvakare Vokudenga havangakukanganwiri.”

¹³⁸ Zvino, ko kana, kupisa kwekunze uku, ko kana Mwari nhasi vakakudana? Apo kuine Chitubu chakazaruka, chechi yakagadzirira, Mweya Mutsvene ugere pano kumusoro kwedenga rechivakwa chino, wakagadzirira kuuya pasi uye

wodzoka mumwoyo mako uye wokuita akapfava uye uine rugare. “Chii chandinofanira kuita, Hama Branham?” Ingova gwayana. Mweya Mutsvene unonyatsodzika pasi kana wava gwayana. Asi kana uine zvinangwa zvisina kunaka, pfungwa dzisina—dzisina kururama, uchida kuva nenzira yako, uye usingadi kurasikirwa nayo, zvino Mweya Mutsvene haumbuyi.

¹³⁹ Zvino takakotamisa misoro yedu, handizivi kana chero wenyu asimudza maoko ake...Zvino, Jesu akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kuna iYe wakaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, haatongopindi mukutongwa asi abva murufu achienda kuHupenyu,” Mutsvene Johane 5:24. Asi zvino kana uchida kuuya kuartari, wopfugama zasi pano, ngatinamatei pamwe chete kusvikira manzwiwo aye akapfava, ane rugare rwawaimbova narwo, kana aungada kuva nawo, rwuuye kwauri zvakare. Tichakakotamisa misoro yedu, tichiimba, *Kune Chitubu Chizere Neropa*, ndinoda kuti uye, upfugame unamate. Munhu wose zvino anoda hake kuuya, pfugama pasi pano pasimbi dzepaartari wonamata kwechinguva.

Kune Chitubu chizere neRopa,
Rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,
Uye vatadzi vakanyudzwa zasi. . .

Mwari vakuropafadzei, amai, huyai kuno chaiko mupfugame.

Vanorasikirwa. . .

¹⁴⁰ Nemisoro yenyu yakakotamiswa, sezvandinovimba kuti maita, nemozo yenyu. Munoziva here atanga kuuya nepanzira yepakati pezvigaro mangwanani ano, zvinofanira kukuita kuti uzvinyarire? Mudzimai wechitema, anonzwisa urombo, zviziso zvemakumbo zvakazvimba, vhudzi rachena, anodzika achiuya kuartari.

¹⁴¹ Pano imwe nguva yakapfuura, mumwe mutana wechitema akaponeswa, munguva dzenhapwa. Akaenda, uye sezvo akanga aponeswa, akaudza mukuru wake wepabasa kuti akanga asununguka. Akati, “Waita sei?”

Akati, “Ndasununguka.” Ndokubva amusunungura.

¹⁴² Hepanoi pachiyaya rimwe boka revanhu vachiyaya zasi kuzoponeswa mangwanani ano. (Akati akanga asununguka.) Munhu wose iva mumunamato, uye uchinamata zvine simba kana ungaro, apo Mweya Mutsvene uri kushanda nevanhu vari kuita sarudzo.

Akati, “Mose, unotaura kuti wakasununguka here?” Akati, “Hongu, changamire, shefu. Ndasununguka.”

¹⁴³ Akati, “Kana wasununguka, saka ini ndichakusunungurawo, zvakare, kuti uende kunoparidza Evhangeri.”

¹⁴⁴ Paakanga ave kuda kufa, vazhinji vehama dzake dzechichena vakauya kuzomuona, uye pavakadaro, akati, akafunga kuti akanga apinda mukoma. Paakamuka, akati, “Ndafunga kuti ndange ndaenda.” (Mwari vakuropafadzei, hama yangu, chingopfugamai pasi, ipapo.) Akati, “Ndafunga kuti ndanga ndatoenda.”

Ndokuti, “Chii chawaona, Mose?”

¹⁴⁵ Akati, “Pandafamba ndichipinda pasuwo, ndaMuona.” Akati, “Ndanga ndakamira, ndakaMutarisa.” Uye akati, “Panga paine Mutumwa auyapo ndokuti, ‘Huya, Mose. Wakaparidza Evhangeri makore mazhinji, une hanzu nekorona zvakakumirira.’” Akati, “‘Usataure neni pamusoro pehanzu nekorona. Handisi kuda hanzu nekorona. Ndiri kungoda kuMutarisa.’” Ndinofunga kuti ndiwo maonero echeru Mukristu zvake.

¹⁴⁶ Pano imwe nguva yapfuura, kumusoro-soro kunze kweChicago, ndakanga ndiri munhandare yemitambo, mumiziyamu, waro, zvino ndaitarisa-tarisa imomo. Ndakaona mutana wechiNegro, aine kadenderedzwa kebudzi jena mumusoro wake, achifamba-famba ipapo, ane ngowani yake muruoko rwake. Ndakamutarisa. Akatarisa mune imwe nzvimbo diki, ndokusvetukira kumashure, zvino misodzi ikatanga kuyera ichidzika nepamatama ake matema. Akatanga kunamata. Ndakamutarisa kwekanguva. Akatarisa zvakare, akatanga kuchema zvakare. Ndakaendako ndichibva ndati, “Changamire.”

Akati, “Hongu, shamwari murungu?”

Ndakati, “Ndiri kuona muri . . . Chii chakunakidzai kudaro? Manga muchinanyatsonakidzwa nei?”

¹⁴⁷ Akati, “Changamire, kana muchikwanisa kunzwa padivi rangu, ndine mbonje dziri padivi pangu.” Akati, “Ndakambova nhapwa.” Akati, “Mukeji diki iyi yegirazi pano, idhirezi iro riri apo.”

Ndikati, “Ndiri kuona kuti idhirezi, asi chii chinoshamisa pariri?”

¹⁴⁸ Akati, “Gwapa iro apo,” akati, “iropa raAbraham Lincoln.” Akati, “Ropa iro rakandibvisa bhande rehunhapwa.” Akati, “Zvino, murungu, hazvingaite sekukufadzawo, here?”

¹⁴⁹ Ndakaisa maoko angu pamutsipa wake wekare, ndikati, “Mwari vakuropafadzei, hama. Ndinoziva rimwe Ropa rinondifadza.”

Akati, “Ndinoziva Ropa iroro, zvakare, changamire.”

¹⁵⁰ Ndakati, “Akandibvisa bhande rehutapwa.” Imwe nguva ndaibuda neSvondo ndoita mujawe uye ndoenderera, ndotaura nyambo dzine tsvina. Uye, O Mwari, ko ndaizviita sei? Zvakadaro pane mavanga zasi mumoyo mangu pandakazviita.

Asi ndinofara kuti Akandibvisa bhande racho. Zvese zvakaenda zvino, Akamira panzvimbo yangu.

¹⁵¹ Pano imwe nguva yapfuura, ndakatarisa mumwe mudzimai, zvino akanga achinyadzisira kwazvo zvokuti ndakada kumupomera. Mwari vakandipa chiratidzo. Ndakamunamatira ipapo, nokuti ndakaona kuti zvivi zvangu zvakanga zvakangokura sezvake. Zvino ndakafamba ndokugara padivi pake ndokumunyadzisa, ndikamuudza kuti ndaiva mushumiri. Shamwari dzake dzechirume 2...Aive nemakore angaita 65 kana 70, shamwari dzake dzechirume 2 dzakapfugama ipapo, zvino vose vakapa mwoyo yavo kuna Kristu. Oo, ini zvangu, mutsauko wakadini!

¹⁵² Haungadaro here? Wakatadza zvakanyanyisa here, mangwanani ano, mwoyo wako watongova here mutema zvikuru uye wakasviba zvokuti kunyange Mweya Mutsvene hautombogoni kana kuubata? Pamwe Njiva Yabhururuka Nokusingaperi, Yakaenda zvachose.

¹⁵³ Mwari vakuropafadze, mudiwa. Musikana mudiki ari kufamba achiuya. Mwari vakuropafadze, mudiwa. Unoti, “Musikana mudiki iyeye haazive.” Oo, hongu, anoziva. Haasati averenga mamagazini akawanda uye nenyaya dzekare dzerudo sezvamakaita mose. Ndicho chikonzero, iye munyoro. Jesu akati, “Regai vana vaduku vauye kwaNdiri.”

¹⁵⁴ Mumwezve munhu angada kuuya, kuzobatana pano mangwanani ano? Artari yakazaruka. Imwe nguva, apo tichiimba zvakare, zvino tichaisa munamoto apo vatadzi vari kutendeuka ava vachinamata.

Mbavha yaifa yakafara kuona
Chitubu ichocho mu...(Chokwadi, zvinhu
zvose zvakanga zvaenda, muchinda
anonzvisa urombo akanga aparara.)
Uye ipapo ini, kunyange ndakashata saiye...

¹⁵⁵ Haungauye here zvino? Haungauye here, imi munoziva zviri nani? Bhaibheri rakati, “Kana uchiziva kuita zvakana, uye ukasazviita, kwauri zvinopfuura chivi.” Haungauye here? Unoziva kuti wakakanganisa. Huya kuno ugopfugama paartari, uye uudze Mwari kuti une urombo nemabatiro awakaVaita. Rega Mweya Mutsvene udzoke ukuite munyoro uye wakapfava nekunyarara zvakare. Haungadaro here? Rangarira, kana ukafa, uye Akaenda kubva panzvimbo yako, hapazovi nemunhu anokureverera nyaya yako. Ari kuda kuti uMumirire mangwanani ano. Mwari vakuropafadzei, hama yangu.

¹⁵⁶ Takamirira. Ndivo chete here, 15 chete muchechi vanonyatsonzwa kuti vapomerwa? Makararama here hupenyu hune runyararo, hunyoro, hwakapfava, hwakanyarara? Zvino, izvi zviri kutungamirirwa neMweya Mutsvene. Unoregerera, hauna mhandu? Uri kurarama zvakapfuurira,

pamusoro pekupomerwa kwevatadzi? Haurarame semahedheni, unorarama zvakasiyana? Hupenyu hwako hwese hwakagadzirwa zvakasiyana here? Mweya Mutsvene wakapfava ugere pachigaro chehushe chemoyo wako, uchikuita kuti ugare nerugare nerunyararo nerudo, pane vanhu vose? Vavakidzani vako nevose vanoziva, uye navose vaunowadzana navo vanoziva, kuti uri Mukristu munyoro, akanyarara, akapfava, akazvinipisa? Njiva yaMwari inewe here? Une chokwadi here? Uyu unogona kunge uri mukana wako wekupedzisira. Zvakanaka.

¹⁵⁷ Zvino kwamuri imi pano paartari, Mwari vakuropafadzei. Hamuchazofanira kutongwa zvino. Mweya Mutsvene waunza kutongwa kwamuri. Uye hamuna kuedza kuchengeta kodzero dzenyu, moti, “Oo, ndanga ndiri Mukristu kwenguva yakareba. Handifanire kuti ndiende.” Vamwe venyu, ndekekutanga kenyu kuva paartari. “Ndinogona kugara ndiri mutadzi kana ndichida, ikodzero dzangu.” Hongu, ndizvozvo. Uri munhu ane rusununguko rwekuzvisarudzira, unogona kuita nechero nzira yaunoda. Asi warasikirwa nekodzero dzako mangwanani ano. Woti, “Vachati kudini, ini ndichizviti Mukristu, zvino ndoenda kuartari, vanozoti kudini?” Asi ko Mwari vari kuti kudini? Vataura kuti uuye, uye wazviita. Zvino warasikirwa nekodzero dzako, wauya kuzova neMweya Mutsvene wakapfava kuti utore nzvimbo yaWo mumoyo mako nhasi. Ndinoziva kuti Uchazviita. Ndinoziva kuti Uchazviita. Wakavimbisa kuti Uchazviita. Ikoko, haUtongotadzi kuzviita, hautongotadzi kuuya. Ari kugombedzera, achichema, akafa, nezvimwe zvose, kuti uwane nzvimbo yokusvikira, achida kuuya kwauri.

¹⁵⁸ Uye munguva yako yekufa, apo mutumwa werufu agere kutsoka kwemubhedha, pachinzvimbo chekutarisa kunze ikoko kune chinhu chinotyisa, uye uchiziva kuti wakaramba kuuya imwe nguva, zvino mweya wako unobva wava mutema uye wakasviba, pasisina nguva, zvisinei nokuti unochema zvakananyanya sei. Esau akadarika chivi chake chenyasha... zva rake renyasha, waro, uye haana kuwana mukana. Akachema zvakaipisisa kwazvo, achiedza kutsvaga nzvimbo yekuti agadzirise, asi akatadza kuzviita. Mwari vakamudana kekupedzisira.

¹⁵⁹ Asi unorasikirwa nekodzero dzako dzose uye neshamwari dzako dzose, uye nemanzwiwo ako ose nezvose, mangwanani ano, kuuya pano. Warasikirwa nekodzero dzako, kupfugama pasi pano uchitaura naMwari. Ndiri kukuudza neShoko raShe, kuti Kristu akati, “Uyo anouya kwaNdiri, haNdingatongomurasiri kunze.” Zvino uchiri ipapo paartari, tendeuka, Muudze kuti une hurombo kuti wakaita zvawakaita.

¹⁶⁰ Ndicho chikonzero vanhu vasingagamuchire Mweya Mutsvene kana vabhabhatidzwa, havangotendeuki zvakanwana. Mwari vari kuedza kuvapa Mweya Mutsvene. Vanoda kuti uve

munyoro uye wakapfava uye wakanyarara. Ndicho chikonzero uchisimuka uine hundini humwe chete ihwohwo mumoyo mako. Oo, unogona kusimuka, uchidaidzira, uchitaura nendimi, kana chero, izvozvo hazvikuite kuti uve neMweya Mutsvene. Unofanira kusimuka kubva ipapo uri mumwe munhu akasiyana. Unofanira kusimuka kubva ipapo, wakapfava, uine runyararo nehunyoro, wakaninipa, uye Mweya waMwari uchigara newe. Gore rinouya, uchitarisa kumashure kwenzira woona chinhabwe chekwawakabva, woona kuti uri kufambira mberi nguva dzese. Ndiwo Mweya Mutsvene. Mweya Mutsvene rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, hunyoro, kupfava, kutsungirira, kutenda. Zvino, chingotendeuka uudze Mwari kuti unoda izvozvo iko zvino. Ivo vari. . . Vachazviita.

¹⁶¹ Musikana mudiki, iwe uri apo, mudiwa, uite zvimwe chetezvo. Ropafadzwa. Amai vako vakamira vakaisa maoko avo pauri.

¹⁶² Iyi hanzvadzi inodikanwa yechitema iri pano, yakapfugama paartari. Munogona kunge maitodya chimupotohai nemanhuchu, makatogara mumukoto, handizivi hangu, hanzvadzi. Mwari varopafadze moyo wenyu, kune muzinda wagadzirirwa imi muKubwinya mangwanani ano. Ndizvozvo.

¹⁶³ Tarisai zasi paartari muone mudzimai, ari kuchena musoro, mudzimai wechidiki akatsikitsira musoro wake, mudzimai akachena musoro wose. O Mwari! Honai murume akapfugama, vakasiyana-siyana vari pano. Ingotendeuka, uMuudze kuti une urombo. Muudze kuti hauchazoviita zvakare. Nenyasha dzaKe, uchangotendera kuti misiyano yako yese ipere, kubva nhasi zvichienda mberi. Unoda kuva wakapfava uye wakanyarara. Unoda kuva wakaninipa uye nokuenda kwaAnokutungamirira.

¹⁶⁴ Kana vanhu vakataura chimwe chinhu, zvisinei nokuti chinoratidzika kuve chiri raiti zvakadini, ucharasikirwa nekodzero dzako dzekutaura nezvemuvakidzani wako. Uchataura, uchataura nezvaJesu. Uchangoita chinhu chinova chakafanira. Hausi kuzobuda semhondi. Hausi kuzobuda uchisvetukira pane vuzina mhosva. Asi unoona kuratidzwa kuya kwehumhare hweMakristu kwemazvirokwazvo, uye unoda kufanana navo. Hauzodi kuti uudze chero ani zvake kuti uri Mukristu, kana uri mumwe, vanongozviona uye vanozviziva paunotaura. Wakaiswa chisimbiso mukati nekunze.

¹⁶⁵ Zvino, pamuri kuninipisa moyo yenyu, tendeukai zvino. Udza Mwari, kuti une “urombo,” iwe “hauchazviita zvakare,” uri “kuzvinyarira,” nenzira yawakaita. Uye zvararo ndichakunamatira. Uye ndinotenda, ipapo, rugare rwuchagara pamwoyo wako, rugare rwakangoita serwizi rwuchauya rwuchiyerera rwuchidzika mumweya wako. Unogona kunge usiri kudandizira, unogona kunge usiri kutaura nendimi, unogona kunge usiri kusvetuka-svetuka; asi uchabva paartari

uine Chimwe chinhu pamwe newe, Chimwe chinhu chiri mauri chinokusungirira pamuchinjikwa wakare wakakwasharara chero bedzi uri kurarama. Zvino namata, sezvandiri kuita. Reurura.

¹⁶⁶ Baba vedu Vekudenga. Zvisikwa zvisina kukodzera, mukamuri ino inopisa, iri kudikitorisa mangwanani ano, bhokisi rokudikitorisa; asi, Mwari, Mazvibuditsa kubva matiri. Mweya Mutsvene wauya pasi, ukaudza vanhu kuti vainge vachikanganisa. Vakanga vachitadza. Mweya yavo yange yakasindimara. Vakava nepamuromo, vanodenha, vana muziva zvose, vasingadi kutendeuka, vasingade kuregerera vanhu vakavakanganisira. Vakanga vasingade kudaro, asi nhasi Mweya Mutsvene watora Shoko raMwari, ukaRiisa mumwoyo yavo yakapfava, ndokuti, “Zvino unoda here kudzoka kwawanga uri pekutanga pawakauya kuartari, kudzoka uko munhu wose, unoda munhu wose, uye unoNdida nerudo rwusingaperi? Zvino chingosimuka uye kuartari.” Vazviita, Ishe.

¹⁶⁷ Zvino, ndinonamata zvino kuti Muchenese pfungwa dzavo, Ishe, chenesai mwoyo yavo, vaitei vanyoro uye vane rugare. Dai vakasimuka kubva paartari iyi zvino, mushure mekunge vatendeuka, vachipa hupenyu hwavo kwaMwari, vochidzokera kumba kwavo. Hazvina mhosva kuti chii chingaitika, kana murume akagumbuka, kana mudzimai akagumbuka, kana muvakidzani akagumbuka, kana mumwe munhu wauri kushanda naye kana kuwadzana naye, “Ndichangova ndakapfava senjiva.”

¹⁶⁸ Handiti, kutsiva kweNyu ndekweNyu, “Ndicharipira, ndizvo zvinotaura Jehovha.” Takaona sei kuti zvaive saizvozvo, Ishe. Wongomira, wova munyoro, wona Mwari vachitora... vachiuya chaiko kugwayana raVo. Chokwadi, zvirokwazvo. Mufudzi akanaka uyu akapira Hupenyu hwaKe nokuda kwawo, Akadzika chaiko zasi kumakwai aKe. Uye Achaatungamirira. Ane nhamo iye anovapinganidza! Ane nhamo anoreva shoko rimwe rinopesana navo! Akati, “Zvaiva nani kuti guyo risungirirwe pamutsipa wako, wonyudzwa pakadzika-dzika pegungwa. Ngirozi dzavo dzinogara dzakatarira chiso chaBaba vaNgu vari Kudenga.” Maona? O Mwari, tinoda... “sezvaMunovaitira, muNdiitirewo.”

¹⁶⁹ Saka, Mwari, ndinoda kuva ndakapfava. Ndinozviisa paartari, zvakare, mangwanani ano; kwete mangwanani ano, asi mangwanani oga-oga namazuva ose. Ndinoda kuve ndakanyarara uye ndakapfava, uye saJesusu. Zviitei, Baba. Tibatsirei kuti tive vakadaro zvino, mafungu asingaperi erudo ngaayerere pamweya yedu.

Rugare! Rugare! Rugare rwunoshamisa,
Rwunoburuka kubva kuna Baba kumusoro;
(HauRunzwe zvino here mumoyo medu?)

...pamusoro pomweya wangu
nokusingaperi... (Hareruya! Hareruya!)

Rugare! Rugare! Rwunoshamisa...

¹⁷⁰ Hanzvadzi Gertie vati taurirai chechi yose kuti vari kupomerwawo, zvakare, asi vari kuita piyano artari yavo. Sezvo artari, piyano ndiyo artari yavo, vati, “Udzai kereke kuti indinamatire,” vagere ipapo uye misodzi ichiyerera pamagirazi avo. Purupiti ino ndiyo artari yangu. Ndatendeukawo, zvakare, Bhaibheri rangu rakanyorova. O Mwari!

Rugare! (Rugare rwaMwari.)
Rwuchiburuka kubva kuna Baba kumusoro;
(Oo, hareruya!)
...pamusoro pomweya wangu
nokusingaperi...

¹⁷¹ Mwari, kana ndakatadzira ani zvake, angave iMimi, chibvisei, Ishe. Bvisai chivi kubva muchechi yangu duku, mangwanani ano.

¹⁷² Vangani vanongonzwa kuti Mwari vakuregerera, uye Njiva yoRugare yagara pamwoyo wako zvakare? Yabhururuka ichidzoka iko zvino, ndokutora nzvimbo yaYo. Mweya Mutsvene wadzoka ndokuti, “Mwana waNgu, Ndanga ndichida kukuda nguva yese. Wange usingaNditendere kuti ndizviite. Handigoni kugara nemweya wako wekare wehundini. Asi zvino nekuti waupira, ndadzoka mumoyo mako mangwanani ano.” Vangani vanonzwa saizvozvo? Simudza ruoko rwako. Simudza ruoko rwako, ndizvozvo, vese zvavo paartari. Oo, zvakana. Vangani vari muungano vanonzwa nenzira iyoyo? Simudza ruoko rwako. Oo! (*Kuva saJesu.*)

¹⁷³ Baba vedu voKudenga, tinoKutendai nenguva ino yekuzvipira, kwakanyorova, sekutora apurosi muruoko, woripfanya, uchirikwiza, kusvikira rapfava, rapfava zvokuti mwana muduku anogona kugara pasi oridya. Ndiyo nzira yatinoda mwoyo yedu kuve, Ishe. Utorei muruwoko rweNyu rwune mavanga ezvipikiri, ingoukwizai, muchiti, “Mwana, hausi kuona here kuti wakaNdirwadzisa? Wainge uchiNdirwadzisa pawakaviruka nehasha kudaro. Wainge uchiNdirwadzisa, oo, mwoyo waNgu wakangokurwadzirwa, mwanangu, paNdakakuona uchiita zvinhu *zvakati-nezvakati*. Asi zvino zvaNdava nemoyo wako muruoko rwaNgu, Ndinoda kuuita munyoro chaiwo. Ndinoda kuugadzira kuti Ndikwanise kuushandisa uye ndigare mauri. Ndinoda kubhururuka ndichidzokera mudendere mangwanani ano, Ndinoda kubhururuka ndichidzoka uye ndogara, ndoita hugaro hwaNgu newe.” Zviitei, Mwari. TinoKudai. Zviitei, kuitira mbiri yeNyu. Tinokumbira muZita raJesu.

Kuva saJesu, ku...

Haudi here kungonamata seizvi? Oo, mweya wangu uri kungoshamba!

Panyika ndi . . .

KuMuona achidzika mune va—vanamati saizvozvi, mwoyo wako unonzwa kuva wakapfava chaizvo here? Moyo wangu uri kungorova zvakanjanya.

. . .rwendo kubva panyika kuenda
muKubwinya
Ndinongokumbira kuva saYe.

Ungasimudze ruoko rwako here patinenge tichirwuimba?

Kuva saJesu, ku . . .

Joe, unoda kuuya kuno kuzonamata mangwanani ano, hama? Mwari vakuropafadzei. Zvitsvagirei nzvimbo pano paartari, Hama Joe. Mwari vakuropafadzei . . .? . . .

. . .rwendo kubva panyika kuenda
muKubwinya
Ndinongokumbira kuva saYe.

¹⁷⁴ Ndinoziva kuti kuri kupisa, shamwari. Ndinoziva kuti kuri. Asi ndi—ndinovimba kuti munonzwa sezvandiri kungoita. Oo, ndinongonzwa sendinogona kungobhururuka ndichienda. Ane rudo kwazvo! Chii chandaigona kuita? Ndaizoendepi? O Mwari! Ndiri kuenda kupi? Ndakananga kupi? Ko zvicha—zvichazovei? Ndichavepi makore 100 kubva zvino? Ko dai ndanga ndisina iYe? Ndekupi, ndekupi kune humwe hutiziro?

Kubva muchidiro cheBheterehema makabuda
Mutorwa,
Panyika ndinoshuva kuva saYe;
Nemurwendo rwose rwehupenyu kubva
panyika kuenda muKubwinya
Ndinongokumbira kuva saYe.

Tose pamwe chete zvino:

Kuva saJesu . . . (Mwari ngavarumbidzwe!
Hongu, Ishe! Hongu, Ishe! Kwete nyika,
seMi!)
. . . kuva saYe;
Nemurwendo rwose rwehupenyu kubva
panyika kuenda muKubwinya
Ndinokumbira chete . . .? . . .

¹⁷⁵ Muchakakotamisa misoro yenyu, ndichakubvunzai chimwe chinhu. Mumwe munhu ari muno ari kutsamwisa Mweya Mutsvene. Mumwe munhu adanwa. Ndinotaura muZita raIshe Jesu, semuporofita waKe. Ndinonzwa moyo waKe uchikuvadzwa. Kunze mukati umo, mumwe munhu haana kuMuteerera, anga achifanira kunge auya. Haungauyi zvino here?

Nemurwendo rwose rwehupenyu kubva . . .

Hongu, hanzvadzi, asi kune vakawanda kupfuura imi.

. . . Kubwinya

Ndinongokumbira kuva saYe.

Kungova saJesu . . . (Ndicho chishuwo changu
chese, kuva munyoro nekuzvideredza,
kuzvininipisa, kuva saYe.)

Panyika ndi . . .

Haungauye kuno zvino? Mwari vanoda kukuona uchiita
chimwe chinhu, pane vakati kuti venyu.

Mese nemu . . .

¹⁷⁶ Ndanga ndichiziva kuti muri kuuya. Mwari vakuropafadzei.
Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo.
Ndizvozvo. Ndatarisa uko pamusoro peungano ino, paine
mumvuri mutema wakaipisisa wakaremba ipapo wandati
ndamboona. Mweya Mutsvene uri pano zvino. Uri pandiri
izvozvi. “Kuchemedza Mweya Mutsvene.”

Kuva saJesu . . .

¹⁷⁷ Chii chaAkaita? Akaenda kwakatungamirirwa naBaba.
Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hama
yangu. Ndizvozvo, fambai muchiuya chaiko mopfugama pasi.

Panyika ndinoshuva . . .

¹⁷⁸ Zvino ndiyo nguva yekureurura kwekare, kutwasanuka,
kugadzirisa. Huyai. Ndichiri kunzwa kuti pane vamwezve
imomo. Mwari vakuropafadzei, amai. Mwari vakuropafadzei,
amai. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari
vakuropafadzei. Ndizvozvo. Mweya Mutsvene unogara uri raiti.
Huyai. Ndizvozvo, fambai muchiuya.

. . . Iye.

Kuva saJesu, kuva saJesu,

Panyika ini . . .

Oo, ini zvangu, ndizvozvo! Ndiyo nzira yacho, ingozadzai
nzira dzepakati pemacheya, nyatsobudai munamate.

Nemurwendo rwehupenyu kubva panyika
kuenda muKubwinya,

Ingotendeuka, udza Mwari kuti une hurombo, ndizvo zvega
zvaunofanira kuita.

. . . kuva saYe.

¹⁷⁹ Hamungaramba muchiuyawo here zvino?

Ku . . .

Ndizvozvo, ingozvisunungura, huya kumusoro kuno.

. . . kuva sa . . .

¹⁸⁰ Uchaita sei? Ndiani achakumiririra, zvichida manheru ano? Ndiani achakumiririra kana rufu rwakuvunga? Zvisinei kuti wakaitei, Mweya Mutsvene wakagara ipapo pedyo newe. NdiWo uri kuda kuti iwe uuye.

Nemurwendo rwose rwehupenyu kubva
panyika kuenda muKubwinya

¹⁸¹ Ingotendeuka, uti, “Mwari, ndine hurombo. Ini—ini handingade kuita izvozvo. Hamuzondimirira kana ndikasaKumiririrai zvino. Uye ndinoda kuti Mundimiririre, uye ndiri kuzoKumiririrai kubva nhasi zvichienda mberi. Ndiri kuzorarama sekurarama kunofanira kuita Mukristu. Ndichashandura nzira dzangu. Ndichava ndakapfava uye ndakanyarara. Ndicharega vanhu vese vachitaura zvavo, zvese. Ndichangorarama zvine hunyoro nekunyarara pamberi peNyu.” Zvisinei kuti unozviti Mukristu kwenguva yakareba sei, kana chechi yaunopinda, izvozvo hazvinei chekuita nazvo. Huyai kuno. Mwari vakuropafadze. Famba uchinyatsobuda, mwana.

¹⁸² Mwari vari kutaura newe zvino. Kana muchinditenda kuva muranda waVo, Mweya Mutsvene wataura neni mangwanani ano, ukati, “Dana vanhu, kune vakawanda zasi uko.” Rino ndiro zuva racho, ino ndiyo nguva yacho. Kune kuda vamwezve 5 kana 6 kumashure uko, chokwadi vanofanira kuuya zvino. Rangarirai, hama, hanzvadzi, ndakatoniyatsokutarisai, ndiri kuona mimvuri mitema iya yakaremba pamusoro penyu. Chitongouyai mberi.

¹⁸³ Kuva saJesu! Haudi here kuva saYe, wakapfava, wakanyarara, munyoro, wakaninipa? Mwari vakuropafadze, mujaya. Mwari vakuropafadzei, baba vane mwana. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadze, shamwari mutadzi. Ndizvozvo. Fambai muchiuya kumusoro chaiko, hanzvadzi, huyai kuno, ingozviwanirai nzvimbo. Mwari vakuropafadzei.

¹⁸⁴ Hanzvadzi mudikani, mune zvakawanda zvekutenda pamusoro pazvo. Makarara pamubhedha, muchifa, hezvinoi pano muri kufamba muchiuya kuno, paartari. Mwari varopafadze moyo wenyu wakapfava.

¹⁸⁵ Mweya Mutsvene uri kutaura zvakare zvino. Kutendeuka, ingochemba chaiko kuna Mwari, ingonamata munamato wako pachako. Iwe ndiwe wakatadza, zvino iwe ndiwe unofanira kunamata. Udza Mwari kuti une hurombo nezvawakaita. Usaite hanya neari pedyo newe. Ingoti, “Mwari, ndiregerereiwo, ndanga ndisingareveri kuve ndakadaro. Ndinoda kuva ndakapfava. Handi—ndichafe ndakaita zvekugumbuka nekukakavara zvakare.”

¹⁸⁶ O Mwari, oo, ndinozvida kwazvo! Baba voKudenga, kune mumwe nomumwe atendeuka ari zasi paartari zvino, vakapfugama nemabvi avo, vachinamata! O Mwari, dai vanaamai, vanababa, vana, vanababa, vanaamai, chero

ani zvavo, vavakidzani, nhengo dzechechi, madhikoni, matirastii, O Mwari, panguva ino yekuumbwa kwechinyakare, vagere mukamuri ino inopisa mangwanani ano, Mweya Mutsvene uchidzika pasi chaipo, uchitaura rugare. O Mwari, ndinoda kumira nezuva iroro kuti ndiKunzwei muchitaura, zvinoro-nyoro, “Hongu, wakauya ukaNdimiririra, zvino Ndichakumiririra.” Ndinoda kuti Muise runyararo irworwo mumwoyo wese uri pano nhasi, Mwari. Chinyararire uye zvinoro-nyoro, ndinoda kuti Muzviite. Ndinoda kuti iMi mungopinda imomo nemamwe manzwiwo okuti haambofi akavasiya zvachose, kubva nhasi zvichienda mberi. Dai dzimba dzikave itsva. Vanhu ngavave vanhu vatsva. Dai zvinhu zvese zvave zvitsva nhasi, nekuti vanhu ava vazvinipisa. Makati, “Kana vanhu vanodanwa neZita raNgu vakazvinipisa, uye vonamata, zvino Ndichanzwa kubva Kudenga.” Uye ndinoziva Munozviita, mangwanani ano, Mwari.

¹⁸⁷ Uye ndinonamatira ruregerero kune avo varamba vari pazvigaro zvavo, vangadai vauya. Mwari, taurai navo, uye ngavasave nerugare panyika kusvika vaita sarudzo iyoyo, Ishe, yekuuya kuzogadzirisa neMi. Zviitei, Ishe. Ropafadzai mumwe nomumwe zvino. Dai mutsa weNyu netsitsi dzeNyu zvagara pamweya wega-wega watendeuka uye wakakotamiswa muhechi ino mangwanani ano.

¹⁸⁸ Mwari baba, ndaita izvi sekuraira kweNyu. Ndadana vanhu ava; vakatomira. Makati, “Uyo ahaNdipupurira pamberi pavanhu, naiye Ndichamupupurira pamberi paBaba vaNgu neNgirozi tsvene.” Vazhinji ava pano vange vari Makristu kwemakore, asi vakamira mangwanani ano kupupura zvivi zvavo zvavakatadza. Vave avo vasingadiiki. Mweya Mutsvene wakanga wabva pavari. Uye nguva zhinji havakwanise kunzwa manzwiwo aya akapfava, anotapira, manyoro avanofanira kunzwa. Vazhinji vavo vatadzi vauya kekutanga kavo. Asi, Baba, vanoda manzwiwo iwayo anoshamisa, rugare runopfuura kunzwisisa kwose. Zviipei kwavari nhasi, Ishe Mwari, uye dai vose vava vakanaka uye vazere neMweya weNyu, pavanobva panzvimbo ino nhasi, kuenda kumisha yavo yakasiyana-siyana, kunorarama hupenyu hwakasiyana uye nekuva vanhu vakasiyana. Tinokumbira izvi muZita raKristu.

¹⁸⁹ *Nzvimbo Pachitubu.* Zvakanaka, imi muri paartari, simukai, tarisai kuna Ishe Mwari, tendeukai mugokwazisana maoko navose vari pedyo nemi. Oo, tichaimba, munhu wose zvino, takamira kwechinguvana tisati tasvika pashumiro yekunamatira vanorwara.

Nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,
 Pane nzvimbo yako paChitubu;
 Nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,
 Pane nzvimbo yako paTsime.

Oo, munhu wose!

. . . nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,
 Pane nzvimbo yako paChitubu;
 Oo, nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo,
 Pane nzvimbo yako paChitubu.

Oo, nzvimbo, nzvimbo, hongu, pane nzvimbo!

¹⁹⁰ [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . .? . . .
 kutenda! Munoziva rimwe zuva, hama, mudzimai wenyu—
 wenyu paakafona, kuti imi munamatirwe? Ndakapinda chaimo
 mukamuri, Mweya Mutsvene ndokuti kwandiri, “Usatya.”
 Amen. HaAsi wemazvirokwazvo here? Anoshamisa! Saka,
 Ishe ngavarumbidzwe! Ndiri kungonzwa kuda kushevedzera
 kukunda! Zvakanaka.

Uye Ropa raKe rinosuka zvinochenesa . . .


(Mune chimwe chinhu chokutaura here?)

(Jesu anoponesa!) . . .? . . .

¹⁹¹ Zvakanaka, Hama Neville zvino. Uye Hama Slaughter vane
 shoko rekutaura.

[Hama Slaughter vanotaura. Chibenga chisina chinhu
 patepi—Mupepeti]

¹⁹² [Hama Neville vanoti, “Ini zvangu! Ishe ngavavongwe!
 Amen! Mwari ngavarumbidzwe! Ndinotenda kuti munhu
 wese agamuchira izvi mangwanani ano.”—Mupepeti] Kubwinya!
 Hareruya! Hareruya! [“Munhu wose anoita sekuti tave kutenda
 muna Mwari zvino. Hareruya! Ndichinzwa chikomborero ichi
 chakanaka uye nechizoro pano papuratifomu, ndinonzwa
 saPetro, uyo, kwete nokuda kwehundini . . .? . . . kuvaka
 matabhenakeri 3, uye tigogara pano. Amen. Izvi zvakaisvonaka
 kwazvo. Munhu wose agamuchira.”]

¹⁹³ [“Zvino munhu wese ngatimire netsoka dzedu. Amen.
 Rangarirai shumiro nhasi manheru, tine shumiro yekugezana
 tsoka nechirairo. (Unoziva here kana uchazenge uri kuno?)”]
 Ini pamwe ndichange ndiri pano manheru anowo, zvakare.
 [“Zvichida ndichange ndiri pano nhasi manheru.”] Hongu,
 sekuziva kwangu ndichange ndiri pano, kunze kwekunge
 ndadanwa kune imwe nzvimbo. [“Amen.”] 

56-0805 Chechi NeChinhano Chayo
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org